

# MABASA KURATIDZWA

## KWEKUTENDA



Maita henyu. Zvakanaka kuva pano, manheru ano, zvakare.

Handizive kuti vambozviwana sei kuti ndanga ndiri kuzonamatira vanorwara. Munhu wese auya kuzonamatirwa. Munoziva, ndinotenda kuti kana ukatevera kutungamira kweMweya, zvakanaka. Ndizvo zvakanakisisa, ndiyo Mharidzo isingakundike.

<sup>2</sup> Zvino, ndanga ndakagara mukamuri nhasi, mushure... mumwe mushumairi anonyatsa kukosha kumoyo wangu (vatatu vavo), shamwari dzangu chaidzo dzepadyo nhatu, vandiudza kuti vanga vari kuuya kuzoenda kunodya neni masikati. Ini ndokufunga kuti, “Saka, zvanga zvakangonaka,” munoziva.

<sup>3</sup> Saka nda—ndangodya zvishoma mangwanani nokuti ndanga ndiine chokwadi chokuti vanga vari kuzovibhadharira, munoono, uye ini... ndiwane kudya kwemasikati kwakanaka kwakazara. Saka 12:00 yasvika, 1:00 ndokusvika, 2:00 ikasvika, hapana ati auya. Saka panga... mapurisa anga achitandanisa mbavha, zasi ikoko muruvazhe, saka ndaenda kunoona chitiko chacho. Ndatadza kuwana Hama Jack zvachose. Saka, ndazonzwisisa kuti, murume wepahotera anga avapa nhamba isiyo; zvino vanga vachigugudza pamukova usiri iwo, nguva yese, apo panda—ndanga ndisiri. Ndichaita kuti vandibhadharire, zvakarezve, zvakadaro, imwe nguva. Ivo naHama Tracy, ndafara chaizvo kuvaona pamwe naHama Brown manheru ano. Zvinongoita sekuti tinofanira kudzokera kuArizona zvakare.

<sup>4</sup> Ndinorangarira tichifamba nemugwenga rimwe zuva. Ndakaudza mudzimai wangu, ari kumashure uko, ndikati, “Apa ndipo paiva pakagara Hama Jack kumashure kweChevrolet ino diki.” Hama Brown nawo vaiitisana nhoro pamusoro pe—pekusika kwepakutanga, kuti kwakaitwa mumazuva matanhatu here kana kuti kwakaitwa mumakore mamiriyoni matanhatu. Izvozvo zvaive zvakanaka.

<sup>5</sup> Vaikakavadzana, vobuda vononhonga matombo mumawoko, mumwe oenda kunopota seri kwerimwe bango, uye mumwe kune rimwe, votemana nematombo mumwe nekukwanisa kwese kwavaigona. Vakatatadza kuzvigadzirisira nenzira iyoyo, voti, “Ndinokusiya pakumhanya.” Vodzika vakati tande nenzira; Hama Jack, kamuchinda kapfupi, sekukwanisa kwese kwavaigona kuzvonyongoka; uye Hama Young nawo makumbo marefu, munoziva. Handina kumbobvira ndakaseka zvakadaro muhupenyu hwangu!

<sup>6</sup> Zvadaro, Hama Jack vakadzoka kumota ndokubvisa shangu dzavo. Hama Sharrit vakanga vatipa chitsapo chikuru chemaranjisi, zvino vakachidya kusvika muhafu tisati tambosvika kuShreveport.

<sup>7</sup> Munoziva, iwayo mazuva akare anokosha, zvawo. Hongu, changamire, mazuva anokosha. Ndinoziva kuti zvinoita senyn'ambo, zvichisetsa, asi ichokwadi. Asi isu...pane chimwe chinhu pamusoro pazvo, paunokura uye zvichiuya mupfungwa dzako. Unofunga nezvemazuva iwayo aunoshuvira kuti dai waigona kuararama zvakare, ndizvozvo, mazuva edu ehudiki. Uye patinokwegura, ese anova mifananidzo. Ndinofara zvikuru nokuti kwaiva kuyanana kwehama, kwakachena kutsvene, murudo. Tichiziva kuti tiri kuenda kune Nyika yatisingazochembera, uko...Nyika iya huru, mhiri, kwatisimbora, kuzombobvira tachembera kana kubvira tafa.

<sup>8</sup> Mumwe wehama dzedu dzinokosha, anodikanwa kwazvo nesu tese, achangoyambukira mhiri kuNyika iyoyo. Uye nguva yese yandinouya papuratifomu ino, ndi—ndinofungidzira ndichafunga Hama Lyle. Ndakatarisa uko usiku hwapfuura ndikaona Judy mudiki akagara apo, zvino hana yangu yakanga ichingorova, ndaifunga kuti ari kunzwa sei. Zvino ndinoziva baba pavakafa kuti...Asi tinofanira kupfuura nemuzvikoro izvi zvekutambudzika kuti tinzwisise kuti mumwe ari kunzwawo sei.

<sup>9</sup> Ndinotenda kuti ndakatarisa mushumairi wakare anova shamwari akagara muno. Handisi kungokwanisa kumudana. Ndizvozvo here, maisimbonamatira vanorwara pano, nguva dzese, makore apfuura? [Mumwe munhu anoti, “Gerholtzer.”—Mupepeti.] Gerholtzer, iro—iro izita rechiGerimani, handaimbogona kuritaura zvakana. Hama Tracy, ndasangana navo kunze uko. Uye ndakavaziva kwemakore angaita gumi, ndikati, “Hamuna kumbochembera zvemwedzi mitanhatu mumakore gumi iwayo.” Tiri kurarama munyika inofanira kuzoguma rimwe zuva.

<sup>10</sup> Zvino, manheru ano, ndanga ndiri...Ndakakunonotsai chaizvo nezuro manheru, ndichaedza kusadaro manheru ano. Kupedzisa nyaya yangu; yandanga ndichifunga nezvayo, manheru ano, kuparidza pa—pamusoro pechidzidzo che*Kubvutwa*, kukereke. Kutu mamiro ezvinhu, sekuona kwandinozviita muRugwaro, izvo zvinhano Kereke inofanira kuva kuitira Kubvutwa, uye zvichaitika nguva pfupi pasati pava neKubvutwa, nemaitikiro azvichaita. Zvino tese tinotenda muKubvutwa, hatidaro here? Tinotenda maKuri. Uye zvararo, kamwekamwe, Chimwe chinhu chati, “Namatira vanorwara, manheru ano.” Zvino ndanga ndichangobva kudya svusvuro yamanheru nehama diki yekuMexico pano, ndaenda zasi ndikanovatakura mumugwagwa. Ndinofungidzira kuti vari pano manheru ano, ivo nemudzimai wavo.

<sup>11</sup> Zvino mumwe munhu auya, akandipa chapupu. Hanzi, “Dai... Pachivanze kana kuti kuchechi,” mudzimai ati, “pane murume ipapo, uyo, wandinotenda kuti ringava gore rapfuura, akanga auya mumutsara wekunzvera.” Zvino ndanga ndichifunga, manheru ano, kuti tingova nemutsara wakare wemunamato, saHama Jack naHama . . .

<sup>12</sup> Hama Young Brown vaisindibatsira kupa makadhi emunyengerero. Uye ndakavawana vakatendeseka kwazvo uye handina kumbobvira ndavabata vachitengesa kadhi kana kuita chimwe chinhu chakaipa, ivo vakatwasuka chose. Zvino vamwe takavabata vachiedza kuzviita, munoziva. Saka—saka isu... Hama Young, vakanga vari pabasa chaipo nguva dzese, uye vakatendeka. Uye ndinorangarira, vaisimira zvino vitora makadhi, vovaunza nemumutsara. Ndaizovanamatira uye voenda zvavo, kutenda kwakakwana kwaiva nevanhu ivavo, kana vaingokwanisa kusvika pedyo newe vaibva vapora. Uye ndinofunga kuti paiva nevanopodzwa makumi maviri zvichienzaniswa nemumwe chete, tichitarisa kune zvatina zvo nhasi.

<sup>13</sup> Zvino, nyaya iyi yauya masikati ano pamusoro pemurume, zvichida ari pano zvino. Kuti aiva mumutsara wekunamatirwa, gore rapfuura, kune imwe nzvimbo, uye—uye iye aiva... akati, mukunzvera akaudzwa kunzi akambova nemahumunya. Zvino vanachiremba vakamuti, pakapora mahumunya, aisazombokwanisa kuva nemwana musikana, zvino aigara achida kuva naye. Ndinofunga kuti aiva nevakomana. Asi muchiratidzo kubva kunaShe, chakamuudza kuti, “Asi uchazova nemwana musikana iyeye.”

<sup>14</sup> Zvino iye ati ane kasikana kacho pano manheru ano. Handimuzive murume wacho, zvichida... angadai—angadai ari muungano here, kana mu—munhu wandiri kutaura nezvake? Pamwe panhu? Handizive, mumwe munhu angonditaurira pamusoro pazvo, panze. Oh, heunoi mwana wacho akarembera kumashure uko muno, akagara apo. Zvakanaka. Zvakanyatsa kunaka. Kamunhu kaduku kanotapira chose. Dai panga pasina chinhambwe chekufamba nepamusoro pevanhu ku... mwana mudiki, akaisvonaka, ndingadai ndati auye pano azopa chapupu. Zvichida achange adaro patinosvika mangwana, kana imwe nguva patinenge tiine shumiro dzedu.

<sup>15</sup> Zvino, mangwana mangwanani pane Svusvuro yemangwanani yeVanamuzvinaBhizimusi. Mazvizivisa? Ndinofungidzira, ndizvo zvose... Zvakanaka.

<sup>16</sup> Uye zvino ngatimbovai neka—nekachidzidzo pamusoro pekupodza kwaMwari. Vangani vanotenda makuri? Oh, ini zvangu, huchange huri husiku hukuru, kana muine kutenda kwakadaro. Vanhu vanozvitenda, ndizvo zvazvinotora. Ndezve vatendi.

17 Zvino, zvadaro, ndatora penzura ndokutanga kunyora zvimwe zvinyorwa nezvakadaro, uye...zvino Billy agogodza pamusuwo akati, “Baba?”

18 Ndikati, “Chimbomira zvishoma, handisati ndaipedza zvino.”

19 Akati, “Asi, Hama Jack vakakumirirai.” Saka, nda—ndatozouya. Ndanamira, ndanga ndisina chekubata mapepa, saka ndatora chimwe che “majohnny pin” aMeda kana imwe mhando yechipeneti pano chavanodana kuti “bobby pin.” Ndizvo zvachaiva, “bobby pin,” imwe mhando yechipeneti. Zvino—zvino handizive zvakanyanya pamusoro pezvinhu izvozvo, munoziva, zvino ndangochiona chakarara ipapo. Saka, zvino kugadzira chinobata mapepa pano, kupatsanura izvo zvandanga...ndanga ndiine manotsi emangwanani; kuasiyanisa, mamwe kubva kune mamwe.

20 Zvino pandinowedzera kukwegura...zvaisiti ndaigona kurangarira Magwaro iwayo nezvimwe zviru nyore. Asi, munoziva, zvava kuti netsei kuita. Mati mava kuwana here dambudziko iri, Hama Jack, pari zvino? Ndizvozvo, hongu. Ndakaudza Hama Jack, pano nguva shoma yapfuura, ndikati, “Munoziva, Hama Jack,” ndikati, “Ndava kusvika pekuti handicharangerira.” Ndikati, “Ndikatanga kutaura chimwe chinhu, zvino ndinofanira kumira.”

Ivo vakati, “Ndipo—ndipo pega pamasvika?”

Ini ndikati, “Zvino, handi kure zvakakwana here?”

21 Ivo vakati, “Kwete.” Zvikanzi, “Ndakafonera mumwe munhu nerunhare ndokuti ‘Unodei?’” Ndaifunga kuti makanga muri kuita dambe neni ipapo, Hama Jack, ndakaona kuti ichokwadi chaicho.

22 Hongu, changamire. Ini zvangu, unokanganwa chose. Asi tose ngativei tinoita mabasa edu zvakana, nokuti ari mubhuku, rekodhi richazoridzwa pazuva rekutongwa.

23 Zvino, takaita semhuri imwe chete yakakura. Zvino handifungi kuti tiri pamubatanidzwa manheru ano, kwakapoteredza munyika, sepandaiparidza mharidzo yangu usiku hwapfuura. Ndinofunga kuti ingori ungoro yepano iri pano. Saka, usiku hwapfuura, ndinoyemura chose kumira kwenyu...Handiedzi...Handina kuedza kutora mukana waHama Jack. Asi vakagara vachindiudza kuti, “Taurai chero zvamunoda.” Uye saka ndakangouya papuratifomu ndokuparidza dzidziso zvishoma. Asi, saka kungoitira kuti isu...kana dzimwe hama dzangu dzemasangano.

24 Ndakava nechiroto, mamwe mangwanani. Handiwanze kurota, handisi muroti. Asi nda—ndakarota ndichiona murume, muchinda wechidiki ari mungetani, uye aiyedza kubuda, zvino—

zvino ndikati. . . Mumwe munhu akandiudza, akati, “Ivo vanhu vakaipa, usawane chaunoita navo.”

<sup>25</sup> Zvino ndakaona muchinda mudiki uyu achibuda mungetani yake saka ndakangomusiya akadaro. Ndakafunga, “Ndichangotarisa ndione zvaanoita.” Saka paakabuda, aiva muchinda akanaka. Uye ndakaona vamwe vachiedza kubuda.

<sup>26</sup> Zvino, ichi chingori chiroto chega. Zvino ndakafamba nechekuno uku ndokuona imwe—imwe hama, Roy Borders, shamwari yangu yakaisvonaka, inogara kuCalifornia. Zvaiita sekunge pane chakakanganisika, meso avo akavharika zvishoma, uye nechinhu chikuru. . . zvichida kenza kana chimwewo chinhu pamaziso avo. Uye ini. . . mumwe munhu akanga achiyedza kundidhonza kubva kwavari. Ndakadanidzira, “Hama Borders! NemuZita raIshe Jesu, budai kubva muna izvozvo!”

<sup>27</sup> Zvino vaitotadza kunyatsotaura, vachiti, “Hama Branham, zvichatatora chimwe chinhu chakapfuura izvi. Handisi kungokwanisa kuzvibata, Hama Branham. Handisi kugona kuzvibata.”

<sup>28</sup> Ndikati, “Oh Hama Borders.” Ndinovada.

<sup>29</sup> Zvino mumwe munhu akandidhonza, ndikatarisa, uye aiva mudzimai aiva akamirapo uyo ini, pandaiva mukomana mudiki, nda—ndaisimutakurira zvinhu zvake kubva kuchitora kuenda kuvanhu. Uye zita rake ainzi Mai Fenton, achiri kugara muJeffersonville nazvino, shamwari yepadyo kumudzimai wangu neni.

<sup>30</sup> Zvino akati, “Hama Branham, tidzikinurei kubva kune izvi.” Ndokuti, “Iyi imba yegehena.” Akati, “Hamuna kunzwisiswa.” Uye akati, “Ava. . . Zvino imi—imi hamuna kunzwisisa vanhu ava, zvakare.” Zvikanzi, “Ava vanhu vakanaka, asi. . .” Zvino pandakatarisa ikoko, sekamuri huru, kana—kana madziro akakura, zasi pasi pebako guru kwazvo; nemasimbi makuru seejeri, akakora zvakaite mainji masere kana gumi. Zvino vanhu, vakarasikirwa nepfungwa dzavo, maoko nemakumbo zvakamonyoroka, vachirova misoro yavo *sevizvi*. Zvino iye mudzimai aichema, achiti, “Dzikinurai vanhu, Hama Branham.” Akati—akati, “Tibatsirei, tiri mudambudziko.” Iye pachake, ndinomuziva, inhengo ye. . . ndinotenda church of Christ, kana Christian church, inonzi Church of the Brethren. Saka iye. . .

<sup>31</sup> Ndakatarisa—tarisa, zvino ndikati, “Ndinoshuva dai ndaikwanisa.” Ndokuenderera mberi, ndichitarisa kwese—kwese; uye ini. . . kamutumbi kangu, kadiki uye—uye mazisimbi, makuru; nevanhu vaye vanonzwisa urombo imomo. Zvino hawaikwanisa kusvika kwavari, masimbi aya akanga ari padyo nepadyo. Zvino ndakatarisa, uye vairova misoro yavo kunge vakarasikirwa nepfungwa dzavo.

32 Zvino ndakaona zvimwe zviedza zvichivaima-vaima mukati imomo. Ndakatarisa mudenga, zvino hapo paiva pakamira Ishe Jesu nezvi—zvi—zviedza zvemuraraungu zvakaVapoteredza. Vakanga vakanyatsonditarisa zvakanga, ndokuti, “Dzikinura vanhu avo.” Ndokubva Vaenda.

33 Zvino ndakafunga, “Zvakanaka, ko ndingagovadzikinura sei? Handi—ndina simba rakakwana mumaoko angu rekutyora masimbi ayo.”

34 Saka ndakati, “Imba yegehena, ipa nzira kuZita raJesu Kristu.”

35 Zvino kurira kwese nekuputika-putika, ne—ne matombo achikunguruka, ne—nemasimbi achidonha; uye vanhu vachimhanya, vachidanidzira, “Tasunungurwa!” uye vachidanidzira nepamusoro peinzwi ravo, uye vese vakanga vasunungurwa.

36 Uye ndaidanidzira zvino, “Hama Roy Borders, muripi? Muripi? Mwari vari kudzikinura vanhu vaVo! Muripi, Hama Borders?” Ndakagara ndichifunga pamusoro pazvo.

37 Munoziva, Hama Borders vari kutya zvikuru. Munoziva chiporofita chacho, mese . . . vazhinji venyu munoziva, munotoro matepi nezvakadaro, pamusoro peWest Coast.

38 Pane varume vakagara muno chaimo, manheru ano, vaivapo izvo pazvakaitika (pataive takamira ipapo, parwendo rwekunovhima), mumwe mushumairi aiva akateerera manheru apfuura. Aine rimwe ziso risingaone, akangouya kumusoro ikoko akati . . . akazvizivisa. Aiva akapfeka magirazi ane ruvara, kumusoro mugomo. Akati, “Hama Branham,” zvikanzi, “ndini Hama McHughes.” Akati, “Ini—ini ndakambobatsira kutsigira nemari mumwe wemisigano yenyu kamwe, muCalifornia.”

39 Ndikati, “Ndafara kukuzivai, Hama McHughes.”

40 Zvino paiva nevarume vangaita makumi maviri vakanga vakamira ipapo. Taiva taenda kunovhima nguruve dzemusango. Zvino ndakati, zuva rimwe chete tisati takwidza mugomo, ndakati kuna Hama Banks Wood . . . Mose munovaziva, shamwari yepadyo. Ndikati, “Hama Wood, . . .” Ndakanhongwa dombo ndokurikanda mumhepo, rikadzika. Uye ndikati, “ZVANZI NAJEHOVHA, chimwe chinhu chiri kuzoitika.”

41 Saka, akati, “Chii, Hama Branham?”

42 Ndikati, “Handzive, asi mumaawa makumi maviri nemana muchaona. Chimwe chinhu chiri kuzoitika. Chiratidzo chikuru.”

43 Zvino zuva rakatevera . . . aiva mamwe masikati akange ati fambei. Zuva rakatevera, nguva dzingaita ten o'clock, taigadzirira kubuda. Munhu wese aiva nenguruve dzavo dzemusango, uye taive takamira ipapo. Zvino Hama Mc Anally, munoziva, nevamwe vese, vaive vachidzivhiya, na—naHama

Borders neni; naHama Roy Roberson, gamba rakaremarara, shamwari yangu inodikanwa kwazvo, yakakosha, zvino vaiva vakamira ipapo. Zvino ndakatarisa mudenga, uye Hama McHughes vakati, “Hama Branham, Ngirozi yaShe inombokushanyirai here pamunenge muri panzendo idzi dzekuvhima?”

44 Ndikati, “Hama McHughes, hongu. Ndizvozvo. Asi, ndinouya kuno kuti ndizorore.”

45 Vakati, “Zvakanaka, Hama Branham,” vakati, “ndanga ndisingadi kukukanganisai.”

46 Ndikati, “Hamuna kundikanganisa.”

47 Zvino ndakangotendeuka, ndokuona chiremba achitarisa ziso rake. Zvino, handina kuvaziva, vaiva vakapfeka magirazi akasvibira, zvinova kuti kune zuva rinopenya kwazvo kuArizona. Zvino ndakazvitarisa, ndikaona chiremba achivaudza, achiti, “Changamire, ndanga ndichirapa ziso iri kwemakore, makore maviri, zvakada kudaro.” Akati, “Utachiona hwamuinawo muziso renyu, muri kuzorasikirwa neziso renyu. Huri kudya kupinda mumaonero enyu, uye hapana nzira yandinogona kuhumisa.”

48 Zvino ndikati, “Mandibvunza izvozvo, nokuda kweziso renyu. Magirazi ezuva amakapfeka zvangokonzerwa nokuti mune ziso rakakanganisika.”

49 Vakati, “Ndizvozvo.”

50 Ndikati, “Chiremba wenyu,” (ndakamutsanangura) “akakuudzai, mazuva mashoma apfuura, kuti ‘Muri kuzorasikirwa neziso iroro nekuti u—utachiona huri kudya kuona kweziso.’ Zvino anga achirirapa kwemakore maviri, uye ari kutadza kuhumisa.”

51 Vakati, “Hama Branham, ichokwadi ichocho.”

52 Zvino ndakatanga kutendeuka ndokutarisa, ndikaona mu—mudzimai ati kurei kwazvo kudarika iye, akaita seane ganda rakasvibira. Chaizvo vanobva kune imwe nzvimbo kumusoro kuno kuArkansas. Saka akasimudza rokwe rake—rake—rake ndokuratidza gumbo rake kumwanakomana wake, achibva ati, “Mwanangu, kana ukaona Hama Branham, vataurire vanamatire tsoka dzangu.” Vaiva nemapundu akareba airembera pakati pezviginwe zvavo nezvimwe.

53 Ndikati, “Amai venyu mudzimai akachena musoro, zvino vakasimudza rokwe ravo, ndokubvisa sokisi ravo—ravo ndokukuratidza tsoka dzavo, vakati kana ukandiona ndikuudzei kuti ndivanamatire.”

54 Uye ivo ndokuti, “Oh, tsitsi.”

55 Zvino ndakatarisa shure ndokuvaona vakamira vasina kupfeka magirazi, chiratidzo, ndikati, “ZVANZI NAJEHOVHA, Mwari vapodza ziso renyu, uye vapodza amai venyu, zvakare.”

56 Nenguva saidzodzo, ndakatendeuka . . . Zvino, pane murume akagara muno, ainge akamira ipapo. Ndikati kuna Hama Roy Borders . . . kana kuti Hama Roy Roberson, ndakaisa ruoko rwangu pabendekeke ravo, nokuti ivo igamba rehondo, ndikati, “Hama Roy, endai pasi pechimwe chinhu, nekukasika, pane zviri kuda kuitika.”

57 Ivo vakati, “Munoreveiko, Hama Branham?”

58 Ndikati, “Musataura! Endai pasi pechimwe chinhu, kurumidzai!” Zvino ndakatendeuka ndokunhonga foshoro, ipapo parutivi rwenzvimbo yacho, ndokufamba ndichibva pavari nokuti ndaiziva kuti zvaizouya nepandaiva.

59 Parutivi chaipo pemukaha mukuru, wakareba zvinopfuura chivakwa chino zvakapetwa kasere kana kagumi, mukaha we “bhokisi”; wakaita semoto wakabva Mumatenga, sechamupupuri, mafiti mashoma pamusoro pepandaiva ndakamira. Ndokubvarura matombo kubva mugomo chaimo, ndokubuda nemo nekunocheka kumusoro kwemiti yemesquite, kwemayadhi zana. Munhu wese achimhanya, vachiedza kuenda pasi pemota nezvese. Wakadzokera uchikwira mudenga zvakare ndokutinhira somutinhimira mukuru. Wakadzokera nemuchadenga zvakare, ndokudzika zvakare. Wakazviita katatu. Zvinhu zvose pazvakanga zvapera, vakauya ndokubvunza, “Zvanga zvichirevei?”

60 Ndikati, “Handidi kukuudzai; changa chiri chiratidzo chekutonga. Mumazuva mashoma, kundengendeka kukuru kuri kuzorova kuMadokero. Uye hakusi kuzomira. California, Los Angeles ichanyura. Iri kuenda pasi. Iri kuzowira munyanza.” Zvino mazuva maviri mushure mazvo, kundengendeka kwekuAlaska kwakazunguza Alaska.

61 Uye zvararo, musangano wekupedzisira wandakava nawo muCalifornia, ndiri pakati pekutaura, uye handina kuziva kuti pane chakaitika kusvika ndapinda mumugwagwa, Rakaudza California, kuti—kuti, “Kapenaume, Kapenaume, guta rinodaidzwa nezita rengirozi,” (iLos Angeles) “wazvisimudzira mudenga, asi uri kuzoderedzwa kupinda mugehena. Nokuti dai mabasa makuru akaitwa muSodhoma ayo akaitwa mauri, ingadai yakamira kusvika nhasi.”

62 Zvino, mazuva mashoma ekupedzisira, kuririma kukuru nekuputika-putika. Zvararo, hepano pakabuda bepa resainzi, rikati, “Yese yakazara maburi semhango, inotofanira kunyura.” Vanotongozviziva.

63 Zvino imi tarisai, mvura ichauya kusvika kuSalton Sea. Los Angeles ichaparadzwa nekutongwa. Ndinokutuarirai



zvisati zvaitika, kuitira kuti mugoziva pazvinozoitika. Handina kumbobvira ndazvitaure ini pachangu. Uye handina kumbobvira ndawana Vachindiudza chinhu chimwe chete kunze kwezvakaiteka. Uye munogona kuzvipupurira. Ndizvozvo. Riinhi? Handizive.

<sup>64</sup> Ndakabuda kunze, zvino vakandiudza zvakataura. Zvino ndakateerera, ndokudzokera kunotsvaga Gwaro racho. Munoziva, Jesu akataura, potse nemazwi mamwe chete chaiwo, pamusoro peKapenaume; uye Sodhoma neGomora zvaiva—zvaiva pasi peDead Sea, ndinofunga ndizvo kareko. Uye mushure menguva, ingaita makore zana akatevera, Kapenaume yakanyura mugungwa, uye itori mugungwa. Mwari mumwe chete akaisa Sodhoma mugungwa nekuda kwezvivi zvayo, Mwari mumwe chete akaisa Kapenaume mugungwa nekuda kwezvivi zvayo, Mwari mumwe chete achaisa Los Angeles mugungwa nokuda kwechivi chayoyi, guta riya re—rehuwori.

<sup>65</sup> Hama Roy Borders vari kutya zvokunge vachafa. Handizive kuti zvichida . . . kuti zvazvaireva izvozvo, kana chii. Handizive.

Ngatinamatei.

<sup>66</sup> Ishe, zvakaishonaka kupupurira vateereri vemazvirokwazvo. Tinotenda, Ishe, batsirai kusatenda kwedu. Uye tinocherechedza kuti tiri kunyatsodzika nenzira zvino kuenda kumagumo enyika. Kuti inguvai, hatizive. Asi kuenda chinyararire kweMwenga; rimwe ramazuva ano, Ishe, ticha—tichabvutwa, kunobatanidzwa naYe. Uye takamirira zuva iroro. Gadzirirai moyo yedu, Ishe.

<sup>67</sup> Pane vazhinji, tikatarisa, vavete pano panhovo idzi nemastrecha, varume nemadzimai vakasungwa nemuvengi. Pane vanhu vakagara kunze uko, zvichida, kana Mukasavabata, vachafa nechirwere chemoyo. Pamwe vamwe vavo vadyiwa nekenza.

<sup>68</sup> Zvino Baba, Munoziva moyo wemunhu wese. Munoziva kuti ndewe chokwadi here kana kuti hausu wechokwadi. Uye tinotaura zvinhu izvi nekuti tinoziva zvaMakaita, simba reNyu guru rakadzikinura vazhinji. Tiri zvapupu zvacho, kunyange vachiedza kutiudza kuti “zvinhu izvozvo hazviitike.” Asi zvinodaro Ishe. Tiri zvapupu.

<sup>69</sup> Ndinonamata manheru ano, Ishe, kuti neimwe nzira Muchasimudzira kutenda mumoyo yevanhu ava, kuitira kuti mumwe nemumwe wavo agodzikinurwa, vanhu vese ava vanorwara nekutambudzwa. Dai zvikava nyore, Ishe, chingotiitai, patiri kuedza kudzidzisa Shoko. Itai Mwewa Mutsvene atore kukanganisa kwangu, Ishe, uye azvigadzirise muhana dzevanhu. Uye zvoitwa mazvirokwazvo, usiku hwemazvirokwazvo kuitira kuti . . . iYe Azogona kuwana pekugara mumoyo wemutendi mumwe nemumwe ari pano. Tigere manheru ano nechinangwa ichocho, Ishe. Dai avo vasina kuponeswa, pamusoro pazvose, vagadzirira; kugadzirira zvino,

masuwo enyasha achiri akazaruka. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>70</sup> Zvino tiri kuzovhura muMagwaro, kutanga, uye mu . . .

<sup>71</sup> Mumwe munhu aunza tsa—tsamba pano padhesiki, ndokuti ivo “vatora mupiro” kuitira ini manheru ano. Zvanga zvisina kufanira, musadaro. Handigone kuudzosera. Ndinorangarira imwe nguva, Calgary, Canada, takatora . . . mupiro uyu wakatorwa. Hama Jack vakanga vachiedza kundiudza . . . Mudzimai wangu akagara shure uko; iye, vana taiva nekamuri mbiri dzakare dzataigara madziri, aifofanira kuisa gumbeze mugonhi kuti go—gonhi rirambe rakavharika kuitira kuti vana vasazobatwa nemabayo. Saka akati . . . Vakataura kwandiri, ndokuti, “Hama Branham, hazvina kunaka kuti mumubate nenzira iyoyo.” Saka, munorangarira nyaya yacho. Vakaunganidza, ndakanganwa kuti zviuru zvingani zvemadhora.

<sup>72</sup> Uye ndikati, “Oh, idzoserei, Hama Jack.”

<sup>73</sup> Ivo vakati, “Zvino, tichazviita sei?” Saka, ndakatenga imba yacho uye iriko. Saka, kuitira kubwinya nekukudzwa kwaMwari. Takaichengeta kwemakore akati kuti, mudzimai wangu neni, sechipo chakabva kucheche, nevanhu.

<sup>74</sup> Uye zvadaro ndakafunga, “Hazvinyatsoita zvakanaka. Hapana chandakaunza munyika ino, zvirokwazvo hapana chandiri kuzobuda nacho.” Saka ndakashandura ndikazvipa, nekuzviisa muzita retabhenakeri. Kuitira kuti kana ndapedza, kuti, mumwewo muranda waMwari, kana ramangwana riripo, achazoishandisa ipapo. Maona? Saka, maita basa zvikuru, shamwari. Mwari vakuropafadzei, nokuda kwawo.

<sup>75</sup> Zvino, muna Jakobho, Bhuku raJakobho, chitsauko 2. Tinoda kuverenga, kutangira pandima 21.

<sup>76</sup> Uye zvino, ndichangoda . . . Nguva diki pakudzidzisa, uye zvadaro tichatanga kunamatira vanorwara nekukasika kwese kwatinogona, tiunze vanhu vese vatinokwanisa mumutsara wekunamatira. Uye isu, zvakare, ngatirangarireiwo zvakare . . . Handidi kukanganwa Hanzvadzi Anna Jeanne naHama Don, nevamwe, ndinofunga kuti vari kuThailand pane imwe nzvimbo. Havasi here? Kupi? Bangkok, ne—nemuminda yekuvhangeri. Pane zvinhu zvakawanda zvaunofunga masikati, zvaunoda kutaura pamberi pevanhu. Asi paunosvika pano, ha—haugone kufunga pamusoro pazvo, wakanyatsa kubatikana nechidzidzo ichocho.

<sup>77</sup> Uye zvino, muna Jakobho pano, chitsauko 2. Zvino tichatangira pandima 21 yechitsauko 2 chaMutsvene Jakobho, uye toverenga chi—chikamu chaRo. Ndima 21 yechitsauko 2.

*Ko Abrahamama baba vedu haana kururamiswa nemabasa here, nguwa yaakabayira mwanakomana wake Isaka pamusoro pe . . . artari?*

*Unoona kuti kutenda kwake kwakabata pamwe chete nemabasa ake, uye kuti kutenda . . . kwakakwaniswa nemabasa?*

*Rugwaro rwakazadzikiswa runoti, Abrahamama wakatenda Mwari, kukanzi kwaari ndiko kururama: akanzi Shamwari yaMwari.*

<sup>78</sup> Zvino, chidzidzo changu manheru ano . . . Uye batai maBhaibheri enyu zvino, nekuti ndine Magwaro akawanda akanyorwa pano. Kana tikasarebesa, ndichataura nezve mazhinji awo. Chidzidzo changu ndechokuti: *Mabasa Kuratidzwa KweKutenda*. Zvino, rangarirai: *Mabasa Kuratidzwa KweKutenda*. Mabasa anoratidza kuti kutenda kwatobatirira, munoona. Maona? Zvino, tinosarudza izvi nekuti isu . . . Ndinotenda kuti zvinokwanisa kutibatsira kunzwisisa. Zvino nyatsoteereresai chaizvo, uye tichapinda mazviri sechidzidzo cheSunday School.

<sup>79</sup> Pano Jakobho ari kuratidza mukudzidzisa kwake, kubva muna Genesi 22:1-9, izvo *munhu* akaona muna Abrahamama.

<sup>80</sup> Ngatidzokerei, ndine Magwaro andatara pano. Muna Genesi, chitsauko 22, uye kubva pandima 1 kusvika 9.

*Shure kwaizvozvo, Mwari wakaidza Abrahamama, akati kwaari, Abrami . . . Abrahamama: iye akati, Tarirai, ndiri pano hangu.*

*Akati, Zvino tora mwanakomana wako, mwanakomana wako mumwe chete Isaka, waunoda, uende kunyika yeMoria; umupire . . . umuite chibairo chinopiswa pane rimwe gomo randichakuudza.*

Munoona, haAna kana kumbomuudza kuti ripi racho. Iwe ingoenda mberi chete kana Mwari akataura, ingoramba uchifamba. Maona?

*Abrahamama akamuka rungwanangwana, akasunga mbongoro, akatora majaya ake maviri, naIsaka mwanakomana wake, akatsemura huni dzechibairo chinopiswa, ndokusimuka, akaenda kunzvimbo . . . yaakaudzwa naMwari nezvayo . . . akaudzwa.*

*Zvino pazuva retatu Abrahamama akasimudza meso ake, akaona nzvimbo iyo iri kure.*

*Abrahamama akati kumajaya ake, Imi chigarai henyu pano nembongoro; ini nemwana tichaenda ikoko kumbononamata, tichadzokera kwamuri.*

<sup>81</sup> Zvino, aiva nemupfungwa dzake zvino, kuti ari kuendako kunouraya mwanakomana wake, nokuti Mwari vakamuudza kudaro. Asi tarisai Rugwaro pano.

*...ini nemwana tichaenda ikoko kumbononamata, tichadzoka kwamuri. (Iye nemwana.)*

*Zvino Abrahamama akatora huni nechibayiro chinopiswa, akadzitakudza Isaka mwanakomana wake; akatora moto muruoko rwake, nebanga; uye ivo vari vaviri vakaenda... pamwe chete.*

*Isaka akataura naAbrahamama baba vake, akati, Baba vangu: iye akati, Ndiri pano hangu, mwana wangu. Akati, Hoyu moto nehuni: asi gwayana rechibairo chinopiswa riripi?*

*Abrahamama akati, Mwanangu, Mwari uchapa amene gwayana rechibayiro chinopiswa: saizvozvo vakafamba vari vaviri.*

*Vakandosvika panzvimbo yaakaudzwa naMwari... nezvayo; Abrahamama akavakapo artari ipapo, akagadzira huni, ndokusunga mwanakomana wake... Isaka mwanakomana wake, akamuisa paartari pamusoro pehuni.*

*Zvino Abrahamama akatambanudza ruoko rwake, akatora banga kuti abaye mwanakomana wake.*

*Ipapo mutumwa waJEHOVHA wakadanidzira kwaari ari kudenga, akati, Abrahamama, Abrahamama: iye akati, Ndiri pano hangu.*

*Akati, Usaisa ruoko rwako kumwana, usamuitira chinhu: nokuti zvino ndinoziva kuti unotywa Mwari, zvausina kundinyima mwanakomana wako, wako... kubva kwandiri... wako mwanakomana mumwe chete kubva kwandiri. (Ibasa rakadini!)*

<sup>82</sup> Zvino, tinoona pano kuti Jakobho ari kururamisa Abrahamama nemabasa ake.

<sup>83</sup> Asi zvino, muna Pauro, muna vaRoma, Bhuku revaRoma, rechi 8... chitsauko 4, 4:1 kusvika 8. Handisi kuzoiverenga yese, asi kungoverenga chikamu chacho.

*Zvino tichati Abrahamama baba vedu, tateguru vedu panyama, vakawaneiko?*

*Nokuti dai Abrahamama akaruramiswa... (Munorangarira, takatora shoko iri usiku hwapfuura, "kururamiswa.")... nemabasa ake, ungadai aine chinhu chaangazvirumbidza nacho; asi haana pamberi paMwari.*

*Nokuti rugwaro runoti kudiniko? Abrahama wakatenda Mwari, kukanzi kwaari ndiko nokuda kwekururama.*

*Zvino kune uyo unobata basa mubairo haunzi ndewe nyasha, asi ndowemungava.*

<sup>84</sup> Zvino—zvino zviri kurehwa naPauro pano, ndeizvo Mwari vakaona muna Abrahama.

<sup>85</sup> Zvino regai isu...kana imi...dai tanga tisiri kuzarura zvakanyanya, taizoenda zvakare kuna Genesi, chitsauko 15, ndima 6; 15:6, ndinotenda ndizvozvo. Tichatangira pane yechi 5.

*Akamubudisa panze, akati, Zvino tarira kumatenga, uverenge nyeredzi, kana uchigona kudziverenga: akati kwaari, Ndizvo zvichaita vana vako.*

*Iye akatenda muna JEHOVHA; akamuti ndiko kururama kwake.*

<sup>86</sup> Zvino varume vaviri vaitaura pamusoro pekutenda: Pauro akaruramisa Abrahama neizvo Mwari vakaona muna Abrahama; asi Jakobho akaruramisa Abrahama neizvo zvakaonekwa nevanhu muna—muna Abrahama.

<sup>87</sup> Honai, zvino, Jakobho akati, “Akaruramiswa nemabasa ake.”

<sup>88</sup> Pauro akati, “Akaruramiswa nekutenda.”

<sup>89</sup> Asi honai, Abrahama akatenda Mwari, ndizvo zvakaonekwa naMwari maari; akaZvitenda. Asi zvadaro paakaenda mberi kunoita sekunge zvakanga zvatoitwa nechekare, ndizvo zvakaonekwa nevanhu maari.

<sup>90</sup> Uye ndizvo zimwe chete zvazvakaita kwatiri, nokuti mabasa edu anoratidza kutenda kwatinako. Asi kana tikatya kuita zvatinotenda, zvino hatiZvitende. Maona, unotofanira kuZvitenda.

<sup>91</sup> Mabasa aAbrahama airatidza kutenda kwaiva nako muvimbiso yaMwari. Zvino, Abrahama, rangarirai, aiva nemakore makumi mapfumbamwe, kana, makore zana ekuberekwa, uye Sara aiva ne makore makumi mapfumbamwe ekuberekwa. Uye zvino vakanga vakwegura kwazvo, vapfuura zera rekubereka, nemakore mazhinji-zhinji, kwazvo. Uye zvino vakanga vararama pamwe chete semurume nemudzimai kubvira vachiri vadiki, uye vasina vana. Asi zvakadaro, Mwari vakamuudza aine makore makumi manomwe nemashanu, uye Sara makumi matanhatu nemashanu, “Uri kuzova nemwana.” Zvino akatenda vimbiso yaMwari. AkaItenda. Zvino, munoona, akagadzirira zvese kuitira mwana uyu. Munoona, ndizvo zvakaonekwa naMwari, paakatenda Mwari; uye vanhu vakaona zvaakaita kuratidza zvaaitenda. (Uye ndicho chinhu chimwe chete chinoshanda manheru ano, ndiyo nzira imwe chete nesu.) Zvakazarurwa kwaari. Munoona, zvakanga zvazarurwa kwaari,

saka akazvitenda zvakadaro, uye aiita sekunge zvakanga zvatoitika.

<sup>92</sup> Zvino, ngatimbomirai ipapo, kweminiti. Dzimwe nguva tinotadza kuzvinzwisisa. Vanhu vanoita manyawi, voedza kushanda nemanyawi. Izvozvo hazvishande.

<sup>93</sup> Zvino, ndakaita saHama Gerholtzer pano, tiri—tiri varume vakwegura, uye tanga tiri...apa nguva refu, uye takaona zvakanaka nezvakaipa, ne—nezvese. Uye kunamatira vanorwara, kupoteredza nyika yose, nekuona ku—kusafara kwevanhu, nekuona ma—ma “Hareruya” kubva kumativi ese. Zvadaro, zvese izvi, tinodzidza pazviri. Zvino, pataiva vakomana, zvino takatanga kuparidza izvi, Hama Gerholtzer, sekunge patakatanga kutuhwina. Chekutanga, munoziva, zvaisiti ndaibuda kunze, uye ndaizo...Hama Jack, ndaimbova neHama Brown kuti vafambe neni mumugwagwa, usiku hwakatevedzana, kuti ndiyedze kudzokedzana. Ndaimira ipapo, sekamwana kadiki, kari kupfachura mvura, ndichiona zviratidzo, munoziva. Uye ndairamba ndiri ipapo kusvika Hama Brown...

<sup>94</sup> Ndinorangarira umwe usiku, handimbofa ndakaukanganwa, kumusoro kuSan Jose kana kumwe kunhu. Vakauya kuzondimutsa, ndakanga ndisina kumborara kwemazuva akati kuti uye handina kuziva kuti ndaitaura nemurume uyu, asi vakati ndakataura kwavari. Ndakatanga kuchema, ndikati, “Ndave kuenda kumba.” Maona?

<sup>95</sup> “Sei,” vakati, “hamugone kuenda kumba. Pane musangano uri kuendeka zasi uko.”

<sup>96</sup> Ndikati, “Zvakanaka, ndichange ndagadzirira kuti ndiende kumba mumanitsi mashoma.” Munoono, zvanga zvanyanyisa, ndave kuita sokupenga, potse. Munoono, ndaiva mukomana ipapo.

<sup>97</sup> Sepaunodzidzira kushambira, unoziva, unopfachura mvura uchiyambuka chidziva, uye “huhhh, huhhh, huhhh, ndagona!” Zvino, mushure mekunge wadzidzira kushambira, unoshambira zvakadzikamira, uye “hazvikunetese” zvakananyanya. Munoono, ndizvozvo, unodzidzira kuzviita; wodimbudzira makona ese woita zviri nani, uye zvakati rerukei. Maona?

<sup>98</sup> Mukomana mudiki asati ambofamba, akaedza kufamba nepanzira apa, anopunzika kakawanda uye “oneta” asati asvika apo. Asi munhu wese anoziva mafambiro, mumhanyi wemujuwo, anogona kufamba nepanzira apa uye orega kumbocherechedza achizviita. Zvakanaka, akava nazvo pakutanga, ndizvo zvaari iye zvino.

<sup>99</sup> Zvakanaka, ndiyo nzira imwe chete nekuparidza kupodza kwaMwari kana chimwewo chinhu chese. Paunoenderera mberi, unotanga kudzidza. Kana ukasadzidza, pane

chakatsveyama. Munoono, unofanira kudzidza, unofanira kudzidza kugamuchira Mwari nezvazvinonyatsa kureva.

<sup>100</sup> Tinozvitendera, dzimwe nguva toti, “Zvakanaka, muchinda uyu anga asina kutenda kwakakwana, muchinda uyu haana kuita *izvi neizvi*.” Pane chikonzero ipapo chaizvozo, pane chikonzero. Dzimwe nguva chivi chisina kureururwa. Unogona kudurura garani remafuta pamunhu, wodanidzira kusvikira washoshoma, hazvingambobvisa dhiyabhorosi iyeye. Kwete, changamire! Unofanira kuzvireurura. Ndizvo zvinoita kunzvera, kunoti, “Enda unogadzirisa izvo, buditsa izvo.”

<sup>101</sup> Asi zvinononoka kuita izvozo, munoono. Uye zvadaro—zvadaro vamwe vese vanotadza kutsungirira, uye voti, “Ah, handina kumbonamatirwa.” Asi tinoda kuwana nzira zvino, kuti . . . chii chinoitika, nheyo chaiyo yekupodza kwaMwari.

<sup>102</sup> Zvino, chipo, sezvandakambotaura usiku hwapfuura, “Chipo chakanaka, asi haugone kuzembera magumo ako emunaZiendanakuenda pazvipo.” Haugone kubatikana nezvinhu zvidiki, uye chi—chipo chinhu chidiki. Uye Satani anogona kutevedzera chipo chipi zvacho chaMwari, anogona kugadzira chimwe chinhu chakanyatsofanana nacho, munoono, chaizvozo. Naizvozo, tinofanira kutarira izvozo.

<sup>103</sup> Sedzimwe nguva pandinotaura pamusoro pekudanidzira; Ndakaona madhimoni achidanidzira, munoono. Kutaura nendimi, ndakaona madhimoni achitaura nendimi. Chokwadi, anoZvitevedzera. Hazvisi zvezmazvirokwazvo, asi zvinoZvitevedzera, munoono, anozviratidza kunge zvezmazvirokwazvo. Uye vanhu dzimwe nguva, vasingazive musiyano, vanoti *izvi* ndizvo “mazvirokwazvo” izvo zvisiri zvamazvirokwazvo.

<sup>104</sup> Uye ndizvo zvimwe chete zvavanoita pamusoro pekupodza kwaMwari. Vanofunga kuti, “Zvakanaka, ndezvemasaramusi, kana zvimwe zvakadaro.” Handizvo. Kutenda kwemazvirokwazvo, kusina kusvibiswa mune zvakataurwa naMwari kunzi iChokwadi. Uye kunodzika hoko! Uye kana kwadzika hoko, hapana chiri kuzokuzunguza. Kuri kuzogara ipapo. Uye naizvozo, kudimbudzira makona aya, . . .

<sup>105</sup> Zvino, *kutenda* “chizaruro kubva kuna Mwari.” Zvino, kutenda chizaruro. Ipapo ndipo pandiri kuda kugara, ipapo, kwechinguva. Chizaruro. Akazvizarurira kwauri nenyasha dzaKe. Hapana zvawakaita. Hauna kushanda kuti upinde mukutenda. Kana wakambova nekutenda, kunopihwa kwauri nenyasha dzaMwari. Uye Mwari vanozvizarurira kwauri, naizvozo kutenda chizaruro. Zvino Kereke yose yaMwari yakavakirwa pachizaruro.

<sup>106</sup> Mumwe mushumairi weBaptisti akandiudza, nguva shoma yapfuura, akati, “Handigone zvachose kugamuchira chizaruro.”

107 Ndikati, “Zvino haugone kugamuchira Bhaibheri. Haugone kugamuchira Kristu, nokuti iYe ndiye Kuzarurwa kwaMwari. NdiMwari akazarurwa munyama.” Naizvozvo, Kereke yose yakavakirwa pachizaruro chaMwari.

108 Jesu akataura kuna (ndinotenda aiva Petro)...akataura, Akati, “Ko vanhu vanoti Ini Mwanakomana wemunhu ndini ani?”

109 Aitaura nevadzidzi vaKe. “Zvino vamwe vanoti Muri ‘Eria,’ na ‘Mosesi,’ kana ‘Mumwe wevaporofita,’ na ‘Jeremia.’”

110 Iye akati, “Asi imi munoti ani?”

111 Ndokuti, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

112 Zvino, chechi yeRoma Katorike inoti, “Aitaura kuna Petro, ‘Padombo iri ndipo paNdichavakira Kereke yaNgu.’”

113 Maprotestanti vakati, “AiIvakira paAri amene.”

114 Zvino, vaigona kunge vakagona. Asi, kwandiri, vese vari vaviri vakatsveyama. Yaiva pamusoro pechizaruro chepamweya cheUyo waAiva. “Nyama neropa hazvina kuzvizarurira kwauri, Petro. Asi Baba vaNgu, vari Kudenga, vazvizarurira kwauri. Zvino padombo iri,” chizaruro cheUyo waAri; pachizaruro: Ndiye Shoko, nezvose... “Padombo iri Ndichavakira Kereke yaNgu, uye masuwo egehena haangatongoIkurire.” Zvakaratidza kuti masuwo egehena aizenge achipesana naYo.

115 Abheri, nekutenda, chizaruro, (pasina Bhaibheri rakanyorwa mumazuva iwayo), ne...Abheri, nekutenda, akapira kuna Mwari chibairo chiri nani kudarika chaKaini. Zvokuti Mwari vakapupura kuti, “Aiva akarurama.” Nei? Nekutenda. Nei? Nechizaruro! Kubudikidza nechizaruro, Abheri akapira kuna Mwari chibairo chiri nani, nokuti zvakazarurwa kwaari kuti yaisava michero yemumunda, raiva ropa.

116 Ndokusaka vamwe vanhu vachigona kuZvitenda, uye vamwe havagone kuZvitenda, vamwe vanoyedzesera kuZvitenda.

117 Muungano yevanhu, panouya mutsara wekunamatira, unoona vamwe... uye vose vari vanhu vakanaka, tomboti. Pane vamwe vari kuyedza chaizvo kuZvitenda, vachiyedza kuzviita kuti vapinde maZviri. Vamwe havatombozvigone zvachose. Uye vamwe, dzinongova nyasha, zvinongopihwa kwavari. Zvino, pane musiyano. Maona? Zvinozviita. Ndicho chizaruro chemazvirokwazvo, nokuti kutenda chizaruro chinobva kuna Mwari. Kunofanira kuzarurwa kutanga.

118 Jesu wakazviratidza pachena paAkati, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga, kana kuti kuNdizarura kwaari kutanga.” Munofanira kuzviverenga izvozvo. NdiMutsvene Jakobho, kana, Mutsvene Johane 6:44 uye kusvika 46. Vaisaziva kuti



iYe aiva Ani. Vaifunga kuti Aingovawo munhu wamazuva ese. Vaifunga kuti iYe aingova, sezvinoita vanhu nhasi, mumwe muporofita. Aiva muporofita, Aiva Munhu wemazuva ese, asi paiva nezvapakpfuurira izvozvo.

<sup>119</sup> Sezvakoangoita usiku hwapfuura, pachitaurwa... Kana ukawana bhuku racho, uchaona zvichida kakusanzwisisika imomo kezvandakataura, “Mabhuku maviri eHupenyu.” IBhuku rimwe chete, asi rimwe racho ndiko kuberekwa kwako kwepanyama, rimwe racho ndiko kuberekwa kwako kwepamweya. Rimwe rinotungamira kuenda kune rimwe racho, sezvinongoita dzinde regorosi. Zvakanaka, zvino, ukataura nezvangu, unotaura nezvangu semunhu anorarama. Asi pane chikamu changu pano, chiri munhu iyeye, chinofanira kuparara. Ndiri Bhuku iro mazita anobviswa mariri. Asi iro Rekusingaperi, Rakafanotemerwa, Rakasanangurwa, zita harimbofa rakagona kubva imomo nekuti rakagara riri maRiri. Harimbofa rakabviswa. Muchazvicherechedza mubhuku, kuitira kuti musatadze kunzwisisa. Muchazviona nenzira iyoyo. Nokuti, ndinofunga, Hama Vayle, vakaisa mutauro wakatsetseka kwariri, vandinorangidza pamusoro pazvo nhasi. Ndikati, “Ndizvozvo.”

<sup>120</sup> VeBaptisti vanotenda kuti pane mabhuku maviri akasiyana. Zvino neimwe nzira mabhuku maviri akasiyana, uye neimwe nzira haasi mabhuku maviri akasiyana. Ndiri vanhu maviri vakasiyana... Ndiri mutumbi nemunhu wemukati nemweya, vanhu vatatu vakasiyana, asi ndiri... mumwe chete anondiita munhu.

<sup>121</sup> Panongova neBhuku reHupenyu rimwe chete. Sepakava nechizenga chimwe chete che—chegorosi chakauya kubudikidza nemudzinde, ndokunopinda nemumuchekechera, uye zvonobuda mumakwande, ndokupinda mugorosi; nzira yese kusvika ikoko, unoti, “Zvino, igorosi rakarara apo.” Harisi gorosi, idzinde, asi pamwe chete igorosi. Maona, igorosi nekuti zvese idzinde rimwe chete, asi gorosi ndiro rauri kutaura nezvaro, tsanga iri kumucheto kwayo. Zvimwe zvese zvaingova zvinotakura, zvinofanira kuparara. Uye ndiyo nzvimbo imwe—imwe chete inoita sekunge unogona kuva nezita rako richibviswa muBhuku reHupenyu reGwayana, uye imwe nzvimbo haugone kuzviita. Saka, ndipo pazviri. Zvese zviri muchizaruro chikuru ipapo, chakaziviswa munguva yeZvisimbiso Zvinomwe. Sei zvakadaro, kuti vamwe vanhu havagone kuZvitenda?

<sup>122</sup> Jesu wakataura kuti “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga. Uye vese vaNdakapihwa naBaba, vachauya kwaNdiri.” Hapana munhu anogona kunzwisisa kuti iYe Ndiani, kana kuti Zvakadaro sei, kunze kwekunge zvazarurwa kwauri nechizaruro chaMwari. Zvino kutenda muna izvozvo, unozvibata nenzira yakafanira. Maona? Pano tinoona pachena kuti Mwari

vakazarurwa muna Jesu, uye avo bedzi vakafanotemerwa kuzviona, vachazviona. Iva nechokwadi kuti waverenga Gwaro iri, ndamborisiya, rokuti Mutsvene Johane 6:44 kusvika 46. Ndamborisiya nokuti ndafunga kuti zvichida taizova... zvichida tisina nguva yakakwana yekupinda nemazviri, nekuti chiringazuva chiri apo chiri kuramba chichingofamba.

<sup>123</sup> Uye saka isu... Cherechedzai, “Hapana munhu, hapana munhu anogona kuuya kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga. Zvino vose vaNdakapiwa naBaba, vachauya.” VachaZvicherechedza. Hapana mumwe munhu anogona kuzviita, hapana mumwe munhu, zvisinei kuti akanaka zvakadini, kuti uri ani, Zvinofanira kuzarurwa kwauri. Zvadaru unoona kuti Jesu Kristu ndiAni.

<sup>124</sup> Zvino, pano, zano rekufanotemera rava pachena. Sezvakangoita imwe mbeu, Shoko raMwari iMbeu uye inofanira kuva neivhu rakafanogadzirwa. Kana ukadyara mbeu, wongoikandira kunze uko pasi, hapana zvazvinobatsira, shiri dzinoinhonga. Ukaikandira pakati peminzwa nerukato, zvinoivhunga nekukurumidza. Chirahwe chaJesu chakataura kudaro. Saka ivhu rinofanira kugadzirirwa kutanga. Saka, Mwari, munyasha dzekuzvitonga, anogadzirira moyo kutanga. Akakugadzirira nyika isati yavambwa, kuti uMugamuchire muzera rino. Akafanokuziva nekufanoziva kwaKe, ndokukutemera kuHupenyu Husingaperi. Akakuziva, naizvozvo Akakugadzirira.

<sup>125</sup> Ndicho chikonzero wakadzedzereka uchibuda muzvinhu izvi, ndokudzedzereka uchipinda mune zvauinazvo zvino. Aiva Mwari achikutungamira kunzvimbo yaAkakutemera kuti uve. Iyo...kana kuti kana—kana—kana ivhu iri rikasafanogadzirirwa, haigone kukura. Ndicho chikonzero, mbeu yekutenda, paunenge uchiparidza kutenda, unoona kunzvera kwaShe, nekuona zvinoitika, nezvipo zvese zvemuBhaibheri zvichishanda. Vanhu vanozviitisa manyawi, “Oh, hareruya, ndinoZvitenda,” vouya, vozviwana vachiwodzwa moyo. Munooona, ivhu racho rinofanira kufanogadzwa. Zvino unozoziva kana Zvikairova.

<sup>126</sup> Sekachapungu kangu, manheru apfuura. Akaziva paakanzwa kudandizira kwaamai chapungu, “pane musiyano mukuru pakati peizvozvo nekukekeredza kwehuku.” Maona, nokuti aiva chapungu kubva muzai. Kwete...haana kuitwa chapungu ipapo-ipapo, akagara ari chapungu. Uye Mukristu akagara akadaru! Ndokusaka, kurambana, pawakarambana, nekuti wakateyiwa mazviri, munooona, nemubereki wako wekutanga, Adhama naEvha. Unova mutadzi panyama. Waisada kuva izvozvo, asi zvino wakanzwa Vhangeri, uye “kutenda kunouya nekunzwa,” chizaruro chinouya nekunzwa. Pane chimwe chinhu chidiki mukati mako.

127 Mumwe munhu agere parutivi rwako, anoti, “Ah, handitendi zvinhu izvozvo. Hazvina maturo! Handitendi izvozvo. Hapana zviripo!”

128 Sezvakaita neZuva rePentekosti, vakaseka vakati, “Vanhu ava vakadhakwa nehwaii itsva.” Vaiziva kuti chaiva. . . Chaiva chinhu chikuru kune avo vachaitikira kwavari. Sei? Aiva Mwari achizvizarurira kuvanhu dungamunhu. Apo vamwe vachiseka, ava vaipembera. Chaiva chizaruro chedungamunhu, kunova kutenda; kutenda kwakazarurwa. Dai kwaisava kutenda, zvino kungadai kusina kumbovapo. Kwaiva kutenda.

129 Kungoti mbeu dzinofanira kuva neivhu rakafanogadzirwa kutanga. “Naizvozvo, vose vaAkafanoziva, Akavadana. Vose vaAkadana. . . Vose vaAkafanoziva, Akafanovatemera.” Kana uchida kuzviverenga, vaRoma 8:28-34, uyewo vaEfeso 1:1-5. Munoon, vese vaAkafanoziva, Akavadana. Vose vaAkadana, Akavaruramisa. Uye vose vaAkaruramisa, Akatovabwinyisa nechekare. Hapana chinhu chisiri muhurongwa. Tinofunga kuti chiripo, asi tarisai muMagwaro. Zviri kungonanga nenzira chaiyo yakataurwa neShoko raMwari kuti zvaizodaro. Tinoona Mharidzo ichirambwa, nhasi. Handizvo here zvakanzi neGwaro vaizoitika? Chokwadi, zvinhu zvese izvi zvakarongwa naMwari.

130 Oh, Zvinofanira kukuita kuti ufambe uchifara. Ndiro dambudziko nesu nhasi uno, pane musiyano mukuru neMakristu akare. Kana chizaruro chemazvirokwazvo, chechokwadi chaJesu Kristu chokuva Emanueri chaigara mumoyo yavarume vaya, vaiva vanhu vakakwasharara. Asi nhasi uno tinobhabhadzirwa nemasangano, nezvokuti, “Oh, ndikuudze, havana Chizaruro chacho. Iwe huya kuno.” Uri kuzembera pachizaruro *chavo*. Kana chizaruro chavo chisingaenderane neShoko raMwari, zvino handicho; changu kana ani zvake, ndipo panouya mangange. Shoko raMwari rinotaura kuti ndechipi chaicho nechisiri icho!

131 Mbeu ipi zvayo inofanira kuva nevhu rayo, saizvozvo. “Nokudaro, vose vaAkafanoziva. . .” Munoon, Aitoziva nechekare zvaizoitika. Cherechedzai, Jesu akataura zvakare, pamusoro peMbeu, “Dzimwe dzakadonhera padombo, dzimwe muvhu rakasanganiswa.” Munoon, apo pane minzwa, rukato, nezvimwe zvese, haYaikura. Uye dzimwe muvhu rakanaka, ivhu rakanaka, ivhu rakanaka, rakanga ragadzirirwa, rakatofanogadzirirwa.

132 Munhu wese ari kunze kuno, anoita sehuku, anotarisa achienda, achiyedza kuwana. Anodhumira pane *ichi*, uye odhumira pane *icho*, asi mushure mechinguva panouya Kudanidzira kamwe-kamwe kubva Kudenga. AnoKucherechedza nekukurumidza, “Ndiro Shoko raMwari!” Munoon, anoRiziva nokuti pane chimwe chinhu mumoyo make chaakaudzwa, chakazarurwa kwaari pamusoro paRo.

<sup>133</sup> Cherechedzai, muporofita Isaya akati, “Mhandara ichabata mimba.” Chitaurwa chinokatyamadza zvakadini. Kuti murume ane pfungwa dzakakwana angataure zvakadaro sei? Hapana kumbobvira pakava nemhandara yakabata mimba. “Mhandara ichabata mimba!” Zvino, haana kumbonetseka nekuZvitaura, akangoZvitaura. Ko mhandara ichazviita sei? Zvakanaka, harisi basa rake! Iye...Kungotaura zvakanzi naMwari kuti ndizvo zvayaizoita. Mwari vakazvizarura kwaari, vakamuratidza chiratidzo; vakazvizarura, uye zvaiva izvozvo.

<sup>134</sup> Angori Mwari mumwe chete akandiudza kuti mwana mudiki uya aizozvarwa nemurume uya aisagona kuva nemwana wacho, kana kuva nemusikana. Sevamwe nezvimwe, hazvinzwisisike zvakadini kana chiremba akati, “Hazvigone kuitika!”

<sup>135</sup> Asi kana Mwari akati, “Zviri kuzoitika,” zvinoenderana nekuti zvinowira pashoko rakaita sei. Rangarirai, muporofita akamira kumusoro uko uye Shoko raKe ndokubuda.

<sup>136</sup> SaMwari, muna Genesi 1, Vakati, “Ngakuve nechiedza. Ngakuve *neichi*. Ngakuve *neicho*.” Ndokusika munhu mumufananidzo waVo pachaVo, mumufananidzo waMwari Vakavasika, murume nemudzimai, uye pakanga pasati pava nechinhu panyika. Zvadaro, tinoona muna Genesi 2, pano, Vakasika munhu nemufananidzo waVo pachaVo. Pakanga pasina munhu airima ivhu, mushure mekusika kwese. Chaiva chii? MaShoko aVo, aVaitaura iwaYo. Zvino paVakataura, Vakati, “Ngakuve nechiedza.” Kunogona kunge kusina kuva nechiedza kwemakore mazana masere mushure mazvo, kwaigona kunge kusina chiedza, asi VakaZvitaura! Uye chero bedzi VakaZvitaura, “Ngakuve nemuti wemuchindwi. Ngakuve nemuti wemuoki. Ngakuve *neichi*,” mbeu idzodzo dzaiumbika pasi pemvura iyoyo. Ndizvozvo. Zvino mungwana, munguva, mumwaka wayo pachayo, yakabereka! Harigone kukundika; iShoko raMwari. Haringatongokundika. Rakataurwa.

<sup>137</sup> Zvino, rimwe zuva, Mwari vakataura nemunhu, chiso kuchiso. Asi munguva yaMosesi, moto pawaidonha, vakati, “Regai Mwari...Regai Mosesi ataure; kwete Mwari, tingaparare.”

<sup>138</sup> Naizvozvo, Vakati, “Handisi kuzotaura navo nenzira iyoyo zvakare. Ndichavamutsira muporofita.” Ndizvo zvakagara zviri hurongwa hwaMwari.

<sup>139</sup> Zvino, heuno muporofita akamira; zvino, ari pasi pekufemera; haasi kufunga pamusoro penjere dzake, “Zvino, mira kweminiti. Kana ndikataura kudaro, hamheno, munoziva, vanhu vanozofunga kuti ndinopenga.” Munoono, ndidzo njere dzake; ipapo ari kuteerera kuna Satani, sezvakaite Evha.

<sup>140</sup> Uye chero bedzi chiremba akataura kudaro kuti, “Haukwandise kurarama. Haugone kupora. Haugone kuita *ichi* kana *icho*.” Chero bedzi uchiteerera izvozvo, Mbeu

iyoyo haimbofa yakawira pamhando iyoyo yevhu yogoita chimwe chinhu chakanaka. Haigone. Asi kana chimwe chinhu chikabvisa zvinhu zvose izvi, uye Yowira pavhu rakagadzirirwa, hapana chinogona kuIbvisa kunze.

<sup>141</sup> Zvino, hazvina basa kuti zvinotora nguva yakareba sei, zviri kuzoitika. Zvino, iYe akati, “Mhandara iri kuzobata mimba.” Munoziva here kuti aiva makore mazana masere zvisati zvaitika? Mwari vakafanoziva mudzimai wacho, kuti aizova ani, kuti zita rake raive ani, umo maizopinda Mbeu iyi. Munozvitenda here? Chokwadi, Akadaro! Zvino kubva muchibereko chaicho kwaizobuda nana guru iri. Mwari vaiziva pamusoro pazvo, Vakangozizarurira kumuprofita waVo aiva akatendeka akataura Shoko. Asina kana kumbofunga kuti Raiva chii, akangoRitaura. Haana kumboedza kufunganya achiyedza kuRinzwisisa.

<sup>142</sup> Kana ukayedza kuda kunzwisisa. . . Ko dai murume uyu, mudzimai uyu, kana murume uyu agere pano, kana mumwe munhu akayedza kunzwisisa, “Zvino, ndanga ndiri chirema kwemakore ese aya. Chiremba akati, ‘Hapana kana nemukana wese’”? Zvakanaka, panogona kunge pasina sekuziva kwake, uye ichokwadi.

<sup>143</sup> Asi kana chimwe chinhu chikagona kubvisa masora iwayo, kana Mwari nenyasha dzaVo; kwete muparidzi, kwete mumwewo munhu. Asi Mwari vakagona kuisa mumoyo mako chizaruro, chekuti, “Ndiri kuzopora,” hapana chinhu chinozokuita kuti urambe wakagara ipapo. Hapana chinhu chinogona kukubata ipapo, uri kuzopora! Asi kusvikira izvozvo zvaitika, ucharamba wakagara apo paunonzi nachiremba uri kuzogara; kusvikira izvozvo zvaitika. Zvinofanira kuzarurwa. Inyasha dzaMwari dzinozvizarura.

<sup>144</sup> Zvino, cherechedzai, Mwari vaiziva mudzimai waRaizouya kwaari. Cherechedzai Isaya, paiva pasina mubvunzo. Isaya haana kumboti, “Mirai zvishoma, Ishe! Regai. . . Chimbomirai kweminiti! Chii chaMataura kwandiri, ‘Mhandara iri kuzobata mimba’? Zvakanaka, zvino, zvino mirai, Baba, ha—ha—hapana kumbobvira pambova nechinhu chakadaro chati chamboitwa.”

<sup>145</sup> Haana kumbozengurira, akangoti, “Mhandara ichabata mimba!” Ndizvozvo.

<sup>146</sup> Cherechedzai Maria: “Zvino, zvino Ishe, mirai kweminiti. Munoziva kuti ha—handina kumbobvira ndaziva murume. Izvi hazvigoneki! Hapana chakaita seichi chati chamboitika! Ohhh, oh, kwete, hapana chakaita seichi chati chamboitika. Ko ndichava nemwana uyu sei? Hapana murume wandinoziva, saka hazvigone kuitika! Uh, Ngirozi, wangopotsa. Ndine maonero asiri iwo. Munoziva, kereke yangu inoti, ‘Mazuva aya akapfuura.’” Haisva! HaYaimbowira munzvimbo yakaita seiyooyo. Maria haana kumbobvunzurudza.

147 Akati, “Ko zvingaitike sei? Handizive murume.”

148 Akati, “Mweya Mutsvene achakufungatira. Ndiwo maitikiro azvichaita.”

149 Mudzimai akati, “Tarirai, murandakadzi waJehovha!” Hapana mubvunzo!

150 Munoono, Isaya, Mwari pavakaunza Shoko kubudikidza nepfungwa (chizaruro) mumoyo waIsaya, Rakawira muvhu rakafanira, aiva muporofita. Muporofita iyeye akanga asina basa nenjere yevanhu. Anga asina basa nenjere dzemunhu upi zvake. Anga asina basa nemunhu upi zvake. Aiva nzira yakapirwa kuna Mwari, zvino Mwari vakataura uye iye akataura. Ndizvo zvega. Kunyange zvairwadza, kana kuti kwete; kunyange zvainzwika kunge kupenga, kana kuti zvaisanzwika sehupenzi; zvakanga zvisina musiyano kwaari. Aiva Mwari, kwete munhu.

151 Zvino Shoko iroro parakaenda, zvino Rakava Mbeu, Rinofanira kuwira pane imwe nzvimbo. Kana Mwari vakaRitaura, panofanira kuva nechibereko pane imwe nzvimbo chekuti Riwire machiri. SezvaAkangotaura, “Zvinhu zvese zvinogoneka kune avo vanotenda. Kana ukati kugomo iri, ‘Fambiswa,’ worega kupokana mumoyo mako, unogona kuwana zvawataura.” Munoono, panofanira kuva nepamwe panhu pari pechokwadi!

152 Cherechedzai! Zvino, tinoona kuti Isaya pano akaRitaura.

153 Mhandara Maria, panguva imwecheteyo...Ivhu rakanga ratogadzirwa. Aiva mhandara. Akanga asina “kumhanya-mhanya.” Ivhu rakanga ratofanogadzirirwa nechekare, kana kuti kufanotemerwa nekufanoziva kwaMwari.

154 Kunyange akati, “Aiva mhandara.” Pakare-ipapo Mwari vaiziva kuti zita rake raizonzi ani. Nokuti zita rake raiva muBhuku reHupenyu Kudenga.

155 Zvadaro, Rakasimbiswa. Munhu ipapo (kuvanhu) akaona kuratidzwa kwaRo nemabasa, pazvakange zvatoitwa kare. Iye zvino tinotarisa kumashure toti, “Chokwadi, Rakaitwa,” nokuti tinoona mabasa akaitwa.

156 Mabasa aNowa akaratidzwa kuvanhu, zvaiva kutenda kwake muvimbiso yaMwari. Zvino, Mwari vakasangana naNowa, ndokubva Vati, “Nowa, kuri kuzonaya. Ndiri kuzoparadza nyika yese nemvura.” Zvino, hakuna kumbenge kwakambonaya, ndicho chacho chisingagoneki. Zvakana, zvino, Nowa akawana...Akati, “Gadzirai areka yezviyero zvandichakuudzai pamusoro pazvo.” Zvino iye ari karipenda, akaenda kunoita basa akatanga kutora muchina wake unocheka, nezvose zvekuchekesa mapuranga, nekuigadzira nemuti wemushitimi, nokuisa namo mairi chaizvo sezvaVakataura.

Zvino mungafungidzire here zvakafungwa nevanhu pamusoro pemurume iyeye?

<sup>157</sup> Vakati, “Munhu uyu anotonyatsopenga, nokuti anoti, ‘Kuri kuzouya mvura kubva mumatenga,’ uye hakuna mvura kumusoro uko.” Asi, munoono, Nowa haana kumbofunga pamusoro paizvozvo. Mabasa ake airatidza kuvanhu izvo zvaiva kutenda kwake nezvakanzi naMwari zvaizoitika.

<sup>158</sup> Ndicho chikonzero Mukristu wemazvirokwazvo anozvipatsanura kubva kuzvinhu zvese kunze kweShoko raMwari, zvisinei nezvinofungwa nevanhu, zvinotaurwa nemumwewo munhu. Akapatsanurwa nekuti...Haasi kungotaura izvozvo; kana ari kudaro, hazvimbotora nguva yakareba kusvika mabasa ake aratidzwa. Achawira shure otsvedza *neuku*, obatana *neuyu neuyu*. Uye otanga...Acha—acharatidza zvaari. Asi kana ari wemazvirokwazvo, kana Shoko raMwari rapinda maari, zvino Riri kuzobereka mhando yaRo, muchaona murume iyeye achigadzirira nguva huru iyoyo. Munoono, ndiyo nzira yakaitwa naNowa.

<sup>159</sup> Mosesi, aine chimuti muruoko rwake, akauya kuzatora vanhu kubva kuna Farao. Zvino, mungafungidzira... Mosesi, Bhaibheri rakati akadzidziswa muhuchenjeri hwese hwevaEgipita. Aiva akachenjera, aigona kudzidzisa fundo dzavo dzenjere. Akafundiswa muhuchenjeri hwavo hwese. Aisada kuti awedzere pakudzidza kwake. Zvino, chingofunga pamusoro pemurume kunze uko murenje, aine fundo yese iyoyo, zvino Mwari ozviratidza kwaari ndokuti, “Mosesi, tora chimuti ichi muruoko rwako wodzika zasi uko kuEgipita, wobuditsa vana vaNgu nechimuti chauinacho muruoko rwako. Chingorova chinhu chacho chese nechimuti ichi.”

<sup>160</sup> Zvino, ko dai Mosesi akati, “Changamire, mirai kwechinguvana, ndafunga kuti ndanga ndichitaura neMunhu ane njere dzakatesva, uyu ‘NDIRI WANDIRI’ mukuru waMunoti Muri. Zvino, ko zvingamboitika sei panyika kuti ndingatora kamuti aka, kakamonyoroka kandiinako pano muruoko rwangu, ndokurira hondo yeparume miriyoni, vane mapfumo, varwi? Zvino ini handisi murwi, ndiri mufudzi. Ko ndingaita zvakadaro sei?”

<sup>161</sup> Pakanga pasina mubvunzo! Sei? Sei? Ivhu raiva mumoyo make! Aiva munhu akafanotemerwa. “Zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka.” Mwari vakanga vaudza Abrahamu kuti Vaizodaro, uye hero ivhu rakanga rafanogadzirirwa.

<sup>162</sup> Zvino Mosesi akatora chimuti ichochi ndokudzika zasi ikoko ndokubuditsa rudzi irworwo kubva mune rumwe rudzi. Paakauya nechimuti muruoko rwake, ndokuudza Farao kuti, “Varege vaende!” Farao akaona mabasa muna Mosesi, kuti aiva nekutenda mune zvaakanga ari kuzoitika, kana kuedza kuita. Aiva nekutenda muvimbiso yaMwari vakanga vaita

vimbiso yacho, akaenda kunoitora. Hapana mumwe munhu angadai akaita izvozo, uye hapanzve mumwe munhu angadai akazviita, akanga akagadzwa kuti azviite. Mwari, zvisati zvaitika, vakanga vaudza Abrahamu kuti ndizvo chaizvo zvaizoitika. Uye zvino nguva yevimbiso payakange yosvika, pane kamukomana kadiki kakazvarwa, mwana akanaka. Uye vabereki vacho, Amrami naJokebhedhi, havana kutya murairo wamambo. Munoono, paiva nechimwe chinhu, ivhu rakanga ratofanogadzirwa nechekare.

<sup>163</sup> O Mwari, ndinovimba kuti ndiri kutaura kuivhu rakagadzirwa, manheru ano! Kana Mbeu ikagona kuwira panzvimbo yakafanira, uye ichizova chimwe...Kana isiri, hazviitike.

<sup>164</sup> Ndicho chinhu chimwe chete. “Sei,” unoti, “Hama Branham, zvinoita sekuchibvisa kwatiri.” Kana chikadaro, chinobvisa kuChikristu, zvakare. Munoono, unogona kutevedzera chero chinhu. Asi kana icho...Kana Rikanyatsa kuwira mukati, Shoko raMwari rikawira muivhu rakanaka, Riri kuzobereka zvemhando yaRo. Rinofanira kudaro, nokuti IMbeu.

<sup>165</sup> Nowa...Mosesi, mabasa ake, airatidza kutenda muvimbiso yaMwari waaitenda. Farao, murume, aiona kuti chii chavapo. Kwete...aisaona kuti Mosesi aizozviita sei, asi aiziva kuti Mosesi aitenda zvaaitaura pamusoro pazvo kana kuti haaimbenge akamira ipapo mumuzinda wamambo nechimuti muruoko rwake. Akati, “Nechimuti ichi, ndichavatora kubva kwauri.” Murume akwegura, ane makore makumi masere, kwete munhu wemitambo; harahwa, yakakombama mapendekete, nendebvu dzakaremba kusvika, zvichida, muchiuno chake; vhudzi rakachena, ndokunge kana ainge ainaro. Zvino ipapo aine chimuti ichocho muruoko rwake, achiti, “Ndiri kuzovabuditsa, rega vanhu vaende,” ZVANZI NAJEHOVHA. Zvino kana ukasazviita, Mwari vari kuzokutonga.” Ameni! Sei? Ndizvo...Munoono, izvo...Aitya here? Handiti, museve mumwe chete, pfumo rimwe chete, chinhu chipi zvacho chaigona kunge chakazvipedza. Aiva asingatyi! Ainyatsa kuziva paaive amire; akati, “Mwari achakuranga, Farao.” Hongu, changamire.

<sup>166</sup> Nokuti Mwari vakamuudza kuti, “Uchadzoka kugomo rino zvakare,” uye aizviziva kuti aienda ikoko.

<sup>167</sup> Hareruya! Tinoziva kwatiri kuendawo zvakare, kumagumo erwendo rwuno. Mwari vakavimbisa! Pane Nyika iri mhiri kwerwizi. Usatya nechapupu chako. Ameni. Kana zvakarurwa kwauri, hautye. Hauna basa dai nyika yose...zvavanotaura; hautye. Kana zvichinge zvazarurwa kwauri, kuti, “Ichi iChokwadi chabva kuna Mwari,” zvararo hauchazoty. Kana zvisizvo, haugone kudaro.

<sup>168</sup> Dhavhidhi, nechimvii chemufudzi, akaratidza kuhondo yese yevaIsraeri, kutenda kwaakanga ainako muna Mwari wavo.



Zvino, hapo paiva naGoriati kune rumwe rutivi, akamira kunze uko achizvitutumadza. Akakura kupfuura Dhavhidhi nepakuru, aiva neminwe yakareba mainchi gumi nemana. Uye aiva hofori, munhu muhombe, hofori yechiFiristia. Uye hapo paiva naDhavhidhi, mudukusa, aitova ari mudukusa kuti ave muhondo; aiva akanyanya kuita mudiki, vaisagona kumushandisa. Saka, vakoma vake vaiva kunze ikoko muhondo. Uye, zvadaro, Goriati aizvitutumadza.

<sup>169</sup> Asi Dhavhidhi, zvino rangerirai, zvakazarurwa kuna Dhavhidhi. Akafunga, “Hedzino hondo dzaMwari mupenyu, vakamira munyika yavo, uye heuno muFiristia asina kudzingiswa ari kuzvitutumadza kunze uko.” Tichamudana kuti “kenza” manheru ano, tichamudana kuti “kuoma mutezo.”

<sup>170</sup> Handiti, Dhavhidhi aisava mhando yekumisidzana naye, kwete nemhando ipi zvayo yechombo; aisakwanisa kumisidzana. Mapendekete emurume uyu zvichida aiva akapamhama mafiti gumi, kana gumi nemaviri; kuda akanga akareba mafiti gumi nemana, gumi nemashanu kuenda mudenga. Pfumo rakaita sedanda remuruki, zvichida rakareba mafiti makumi maviri, musoro waro zvichida wakapamhama mafiti mana.

<sup>171</sup> Uye Dhavhidhi mudiki akamira ipapo aine kachidimbu kedehwe, dehwe rembudzi kana dehwe rehwei, riine tambo mbiri dzakasungirwa pariri. Asi *zvakazarurirwa* kwaari! Chizaruro chakamurova! Amen! Akati, “Mwari vakandinunura kubva pagumbo rechitsere, vakandinunura kubva pagumbo reshumba, ko Vachandipa zvakapfuurira zvakadini muFiristia asina kudzingiswa uyo muruoko rwangu!”

<sup>172</sup> Vakoma vake, vaiva nokukwanisa kuri nane kwekuzviita. Sauro, musoro nemapendekete pamusoro pehondo yake. Asi, munoona, hazvina kuzarurirwa kwavari. Amen. Hezvoka izvo: vaitenda kuti zvaigona kuitika, vaitenda kuti Mwari vaigona kuzviita, asi hazvina kuzarurirwa kwavari; asi zvakazarurirwa kuna Dhavhidhi. Zvino, heunoi musiyano wacho, ipapo chaipo. Kana zvakanyatsa kuzarurwa kwauri kuti Mwari vari kuzokupodza, uri—uri kuzokuwana. [Chibenga patepi—Mupepeti.] Uri kuzokuwana. Handina basa kuti chii chiri kukunetsa, zvakaipa sei, zvinogona kunge zvakaipa kupfuura Dhavhidhi naGoriati. Asi kana zvakazarurwa kwauri!

<sup>173</sup> Uye cherechedzai, kana zvichinge zvazarurwa, Dhavhidhi akashaiwa kutya. Akati, “Nhasi uno ndichadimbura musoro wako!” Amen. Ndiye Mwari wedu. Nenyasha, munguva iyoyo yakamanikana apo sarudzo dzaifanira kuitwa, Mwari mumwe chete iyeye akaunza nyasha muzuva iroro, akadonhedzera mbeu iyoyo yekutenda mukamukomana ikako kairatidzika sekakakombama musana, kuri mumoyo make; Mwari mumwe chete, munguva ino yakamanikana, anogona kusimudza mudzimai uyo kubva muhwiricheya; murume *uyu*; mudzimai *uyu*

pano; mwana; uyu. . . ?. . . Mbeu diki iyi yekutenda inozarurirwa kwauri, zvino handina basa kuti zvinotora nguva yakareba sei.

174 Zvino cherechedzai hofori, kune rumwe rutivi, yakanga isingazvitendi; kunyunge kenza zvakare. Akaseka, akati, “Ndiri imbwa here? Munotumira kamwana aka kuno kuzorwa neni?” Akati, “Ndichakusimudza, nekumucheto kwepfumo rangu, ndorega shiri dzichidya nyama yako.” Sei, aiva nezvose. . . zvese, zvese zvekudivi rake.

175 Asi, munoona, izvozvo hazvina kumbozunguza Dhavhidhi zvachose. Sei? Zvaiva zvakazarurwa kwaari. Aiva nekutenda mune zvaaiita. Aiziva kuti aizozviita. Uye akazviita, nokuti zvakazarurirwa kwaari uye aiziva paakangwe akamira.

176 Zvino dai Mwari vaingotaura izvozvo, pakadzika mumoyo wako manheru ano, kuti “Hausi kuzenge wakarara pamubhedha iwoyo. Hausi kuzenge wakagara muchigaro icho. Uchapora,” hapana kana chimwe chinhu chingashandura pfungwa yako mazviri.

177 Asi kusvikira izvozvo zvaitika, muparidzi wese panyika anokwanisa kunamata, . . . Handisi kuti hazvaizokubatsira; zvaidaro, zvaizokukurudzira. Asi kusvikira kutenda ikoko. . . Munoona, simba rekupodza riri mauri. Haribve kumuparidzi. Rinouya kwauri nechizaruro, nekutenda. “Kwete nesimba, kwete neshungu, asi neMweya waNgu,” ndizvo zvinotaura Jehovha. “Mweya waNgu, nenyasha, unozvizarura izvi kwauri.” Uye hapana chinogona kuchibvisa. Nekutenda, chizaruro! Zvadaro, Dhavhidhi, kusimbisa mabasa ake. . .

178 Zvino, vamwe vavo vakati, “Ndinoziva kuti une musikanzwa.” Mukoma wake akati, “Wauya kuno kuti uzoona kurwisana muhondo. Zvino, iwe chidzokera seri kune makwayi.”

179 Akati, “Nditenderei nditaure naSauro, mukuru wehondo.” Maona?

180 Zvino Sauro akati, “Zvino, mwanakomana, ndinoyemura kushinga kwako, asi, unoono, hapana zvauri asi unongori wechidiki. Zvino uyo murwi kubva pahudiki hwake, haungamisidzane naye.”

181 Akati, “Ndaifudza makwayi ababa vangu, . . .” Aikwanisa kuzvizerberesa pane chimwe chinhu! Amen. O hama! Uye Mwari vakaponesa mweya wako, haVagone here kupodza mutumbi wako? Zvakangofanana, kuzvizarura kwauri, ndiVo Mupodzi wako sekuva Muponosi wako kwaVakaita. Maona? Asi zvinofanira kuzarurwa kutanga, ndiwo musiyano. Aiva nechimwe chinhu chekuzembedza kutenda kwake pachiri.

182 Akati, “Zvino, izvi hazvina kumbobvira zvamboitika.”

183 Asi akati, “Mwari mumwe chete akandidzikinura kubva pamakumbo eshumba, achandidzikinura kubva kumuFiristia asina kudzingiswa uyu.”

“Unozviziva sei, Dhavhidhi?”

“Ndinozvitenda.”

“Sei?”

“Zvakazarurwa kwandiri.” Iye akati . . .

184 Aiziva zvaaitaura pamusoro pazvo. Nokuti hofori payakati, “Ndiri kuzokupa kushiri kuti dzikudye”; iye akati “Ndiri kuzodimbura musoro wako.” Heuno musiyano, munoona. Uye akazviita!

185 Samsoni, akabatikidzwa rimwe zuva (asina kugadzirira) ari mubani, uye hapo pakauya chiuru chevaFiristia paari. Zvino akatarisa pasi, uye ndipo paiva pakafira nyurusi, zvino akanhonga shaya tsaru iyoyo, bhonzu repashaya, rakaoma zvachose, ndokudzingirira vaFiristia ivavo, achivarova mumusoro neshaya tsaru yenyurusi iyi yakaoma, uye sokuziva kwandiinako, hapana kana zino rimwe chete rakadonha kubva pairi. Uye heremende dzevaFiristia ava dzaiva dzakakora zvichida inchi imwe chete (nokuti vairovana nenduni dzekurwa nadzo mumazuva iwayo), kuchengetedza munhu kuti asavarova nayo mumusoro. Asi akatora shaya yenyurusi iyoyo akarova chiuru chevaFiristia, uye shaya haina kumbotyoka. Akangoramba achivarova, *seizvi*, pavaiuya. Saka, vamwe vese vakatizira kumatombo, munoona, vainge vachimutiza. Sei? Aizvitenda! Dzimwe nguva . . . Chokwadi.

186 Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu zvino. Shanda nemanzwiro iwayo, kamukana ikako, sezvakaita Joshua, saMaria Magadharene, vose ivavo. Kanguva ikako chimwe chinhu pachinozarurwa kwaari, chikachikire. Chibatirire, kachinguva ikako.

187 Hongu, zvakazarurwa kwaari. Akaenda kunosangana nezviuru izvi, zvevaFiristia. Zvino unofungei apo vaFiristia vaya pavakati, “Zvino, tarirai, kuuya kuno, kamunhu kadiki kaye; kakangoreba zvingaita mafiti mana nehafu, kutanga kwacho; nemhotsi nomwe dzakaremba kumusana kwake, sekasikana kaamai, munoona; akauya ikoko neshaya yenyurusi. Zvino honai isusu, tiri hondo huru sei! Hazvishamise here?” Asi aiitei? Airatidza kuvaFiristia ivavo zvakanga zvazarurwa kwaari naMwari. Akatora shaya ndokuenda, nokuti ndizvo zvaVakaisa muruoko rwake; Vakaisa muruoko rwake, ndizvo zvaakatenda: aigona kuzviita! Uye mukudaro, airatidza kuvaFiristia ivavo zvakanga zvaiswa mumoyo make naMwari kuti aite.

188 Johane Mubhabhatidzi akaratidza kutenda kwake nemabasa ake, uye paakati “Hepanoi pamire Mumwe pakati penyu zvino.”

Chingofunga nezvazvo. Mutsvene Johane, ndine ruGwaro rwacho, Mutsvene Johane 1:26, munoono. Akati . . .

<sup>189</sup> Vakati, “Unoti, ‘Mhesiya uchauya?’ Sei,” akati, “nhai, dambudziko rako nderei? Tanga tichiMutarisira kwezviuru zvina zvemakore.”

<sup>190</sup> Iye akati, “Akamira pakati penyu chaipo iye zvino.” Hareruya! Ndizvo zvaAri manheru ano! Uh-huh.

<sup>191</sup> Akaratidza kutenda kwake kubudikidza nechizaruro chake, nekuti zvakazarurirwa kwaari kuti . . . aiziva kuti aizobhabhatidza Mhesiya. Aiva murume, ane makore makumi matatu okuzvarwa. Aiziva kuti Aifanira kuvapo pane imwe nzvimbo; haana kumbobvira aziva kuti aiva Ani, uye heUno aiva akamira pakati pavo chaipo. Akati, “Pane Mumwe ari pakati penyu iye zvino, Uyo wamusingazive, uye handikodzeri kusunungura tambo dzeshangu dzaKe, asi iYe achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene. Uye Ari pakati penyu chaipo iye zvino.” Akazviratidza, kutenda kwake, nokuti aiziva, muzuva rake, aizoona nekubhabhatidza Mhesiya waMwari. Saka, munoono, vanhu vaigona kuona kuratidzwa paari, nemaparidziro aaita nenzira yaaizvibata nayo, airatidza kuti aiva nechizaruro chechokwadi kubva kuna Mwari.

<sup>192</sup> Zvino, kuratidza kuti chaiva chokwadi, Mhesiya akauya achifamba kubva muchaunga chaimo; angori munhu wemazuva ese mujaya wechidiki achifamba achidzika naimomo, akapfeka semumwe munhuwo zvake. Johane akati, “Tarirai, hero Gwayana raMwari rinobvisa zvivi zvenyika.”

<sup>193</sup> “Ko unoMuziva sei?”

<sup>194</sup> Akati, “Uyo akataura kwandiri, murenje kuti, ‘Uyo wauchaona achawirwa neMweya pamusoro paKe, ndiye Wacho achabhabhatidza neMweya Mutsvene.’”

<sup>195</sup> Munoono, akaMuziva nekuti paifanira kunge paine chiratidzo nenguva dzingaita saidzodzo. (Muri kuZvibata here?) Johane akaziva nguva yacho payakanga yave kusvika, nokuti aiva muporofita. Zvakazarurwa kwaari, kuti aizoziva nenguva saidzodzo, aizoona chiratidzo. Uye paakaona chiratidzo ichocho, akati, “Akamira pakati penyu.” Aiziva kuti Chaivapo.

<sup>196</sup> Oh, ndinoona chiratidzo chekuti nguva yemagumo yasvika. Ndiri kuona zvinhu zvakavimbiswa, kuitira Mharidzo ino yenguva yekuguma, zviri kuzadzikiswa (kubhedhenurwa) chaizvo sezvakataurwa neRugwaro. Uye ndinoziva kuti nguva yacho yasvika zvino! Ndinovitaura pasina kuzengurira. Ndinotenda kuti yatosvika, nokuti ndinoona zviratidzo zvaAkataura kuti zvaizoitika nguva iyoyo isati yasvika. Zvagadzirira kuitika *zvino*.

<sup>197</sup> Johane akaratidza kutenda kwake mune izvo Mwari vakamuzarurira. Naizvozvo, mabasa chapupu chekutenda.

Pavanokuona uchiita sewapodzwa, vanobva vaziva kuti une kutenda kwekuti wapura.

<sup>198</sup> Chapupu chinotaura kuti kudini? Kutaura izvi: “Ndinako iko zvino, nokuti ndagamuchira vimbiso yaMwari. Iri kushanda mandiri zvino. Ndiri kuita gadziriro yekuti zviitike.” Uh-huh. Munoono, ndizvo izvo chapu- . . . zvinoitwa nemabasa ako. Zvakana, chokwadi!

<sup>199</sup> Pano, imwe nguva yapfuura, yakatevedzana nerwendo rwangu rwekupedzisira kuAfrica; ndaivako pfumvudza yapfuura, asi rwendo rwandakaita urwu rwusati. Paiva nemwana mudiki aiva nemakumbo akakokonyara, zvino tsoka imwe chete. . . rimwe gumbo rakapfupika kupfuura rimwe racho. Haana kumbobvira apfeka shangu muhupenyu hwake. Oh, kwaiva kukokonyara kwakaipisira. Zvino ndakanamatira mwana iyeye manheru iwayo, vakanga vatarisa ndokuona zvinhu izvozvo zvichiitika, vakanamatira mwana iyeye. Zvino mangwanani akatevera ndakadzika zasi, ndokufamba nepachitoro cheshangu. Ndakafamba ndokupindamo, uye hepanoi paiva nemurume uya achitengera mwana uya bhutsu dzekupfeka. Akazvitenda! Uh-huh.

<sup>200</sup> Semurume ari pano apa, akatenda kuti Mwari vaizomupa mwana wacho. Chokwadi, akatenda kuti zvaizoitika, akazvigadzirira. “Ndiri kugadzirira.” Kunyange pasati pava nezvinooneka nemeso, asi izvozvo hazvina kumboita kana musiyano. Akazvitenda, saAbrahama, “akadana zvose zvaipesana sekunge zvaisavapo.” Hezvoka!

<sup>201</sup> Naizvozvo, kana pfungwa dzako dzichikuudza. . . Oh, hechino chinobaya zvino. Kana pfungwa dzako dzikakuudza kuti “Ichi ndicho Chokwadi, Mwari Mupodzi wehurwere,” pfungwa yako inogona kupupurira kuti “Ichi iChokwadi,” asi kana pasina pekudyarira mumoyo mako (kutenda, kwekuwira makuri) kuzviratidza, hazvimboitike. Kwete. Kunyanya. . .

Hazvina basa kuti munhu wekunze uyu anogona zvakadini kushandisa pfungwa pazviri neMagwaro, oti, “ndizvozvo,” izvozvo zvakadaro hazvimbozvinatsa.

<sup>202</sup> Vangani vanотора matepi? Makatora here mharidzo yangu, nguva pfupi yapfuura, *Vazodziwa VeZuva ReKupedzisira?* Makazvitenda here? Munoono, yakati, “Pachava nevana antikristu. Vanaantikristu vachatopotsa vanyengera vasanangurwa chaivo, dai zvaigoneka.” Hazvigone kuzviita, ku. . . Asi hazvigone, nekuti hazviitike; vakasanangurwa. Maona? Zvakana.

<sup>203</sup> Asi iYe akati, “Vazodziwa.” Munoono, *Kristu* zvinoreva “muzodziwa,” asi ava vaiva vachipikisa. Vaiva vakazodzwa, asi vachipikisa, vachipesana naKristu mudzidziso yavo. Zvino, vaikwanisa kuita zvese izvo vamwe vavo vose vaikwanisa kuita.

204 Zvino, rangarirai, uri mumadenderedzwa ehutatu, asi uri munhu mumwe chete. SaBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, denderedzwa rehutatu, asi Munhu mumwe chete. Hunhu hutatu hwaMwari mumwe chete: hubaba (mahofisi matatu, zvakada kudaro), hubaba, humwanakomana, neMweya Mutsvene. Uye iwe uri: mutumbi, mweya, nemunhu wemukati.

205 Zvino, mutumbi wekunze une nzira shanu dzokupinda mauri, kubata musha wako wepanyika: kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, nekunzwa. Wemukati, unova mweya, une manzwiro mashanu: hana, nerudo, zvichienda zvakadaro. Asi mukati maiwoyo, munhu wemukati, ane chinhu chimwe chete. Ndimu maunogara *iwe*.

206 Mweya unogona kuuya kunze kuno wokuzodza kuita zvimwe zvinhu, iwe wozviita, asi izvozvo hazvireve kuti wakaponeswa. Pafunge ipapo. Kaifasi akaporofita. Judhasi akadzinga madhimoni. Munoono, Mweya wakamuzodza. Mvura iyi inonaya pane vakarurama nevasina kururama, masora anogona kufara pamwe chete negorosi. Asi ndeizvo zvachiri pamoyo wacho chaipo. Ndipo apo imi venjere munogona kuzvigamuchira, moti, “Oh, chokwadi, zvinoratidzika zvakanaka. Ndinozvitenda izvozvo.” Kunyange zvakadaro hazvimbozviite. Kwete, changamire. Zvino mweya unotogona kutozvipupurira, asi kunyange zvakadaro handizvo. Nokuti kana munhu wemukati iyeye asina kubva kuna Mwari, unogona kuteedzera zvese kunze kuno, asi hazvigone kuva zvezmazvirokwazvo. Unogona kutevedzera kupodzwa, unogona kuita sekunge unako. Unogona kuita sekunge wakugamuchira. Makristu vanogona kuzvibata sekunge vari Makristu, vogoita uye vogonyatsozviita zvakaisvonaka, asi izvozvo hazvireve kuti wakaponeswa. Ndizvozvo chaizvo, munoono. Mweya unogona kuvapo, Mweya chaiwo, wemazvirokwazvo. Mweya Mutsvene unogona kukuzodza, izvozvo zvakare hazvireve kuti wakaponeswa. Munhu wemukati uyu asingafe, ane Hupenyu Husingaperi. Hwakagara huri Hupenyu Husingaperi. Maona? Hwakabva kuna Mwari, hunodzokera kuna Mwari, munhu wemukati.

207 Zvino, cherechedzai kuti, zvinofanira kudaro. Mashanu, k-u-t-e-n-d-a [f-a-i-t-h—Mukurikiri.], kunze; mweya, J-e-s-u [J-e-s-u-s]; mukati, i-w-e. Maona? Ndizvo izvo kumira pano, ndakakutarisai, handina mumwe chete wenyu wandinoziva. Mweya unogona kundizodza, asi zvakadaro hapana mumwe chete wenyu wandinoziva. Asi kana icho chemukati-kati chapindira, ndiMwari.

208 Ndipo apo wekunze anogona kushandisa njere. Ukatora munhu, woti, “Zvakanaka, munoziva, ini—ini ndinoziva kuti handifanire kuita hupombwe. Asi, unozviziva, zvino mweya wondiudza kuti handifanire kuita hupombwe. Asi, unoono,

mukati pakadzika imomo chinhu chacho chichirimo.” Munoono, chinoita sekutonga imomo, ibva watochingwarira.

<sup>209</sup> Asi kana zvichitungamirwa kubva nemukati, zvinokandira zvimwe zvese pamwe chete. Ndiro bango rinotungamira. Ndiyo nhare inotungamira, mukati-memukati. Munhu wemukati anotonga mweya, mweya unotonga mutumbi.

<sup>210</sup> Saka zvekunatsiridza zvekunze hazvina zvazvinoshandura. Vanhu vaya vezvinamato kareko, Pauro vaakati “madziro akaitwa machena,” nezvakadaro, vaiva (kunze) nzira imwe cheteyo... mutendi, uye vaiva nezviporofita pakati pavo, nezvimwe zvese asi *mukati-memukati* (“*mweya* usingatendi”).

<sup>211</sup> Ndicho chikonzero ndichiti vanhu vanogona kusvetuka-svetuka, nekutaura nendimi, vanhu vanogona kudanidzira, voisa maoko pamusoro pevarwere, nekupodza varwere nezvakadaro, kubudikidza nekutenda; zvinhu zvese zvikuru izvi kubudikidza neMweya, asi zvakadaro vakarasika. Vazodziwa.

<sup>212</sup> Cherechedzai Jesu akati, “Tendai chete, nokuti zvinhu zvese zvinogoneka kune avo vanotenda.” Kutenda nemabasa murume nemudzimai, zvinoshandirana pamwe chete. Murume anoshanda nemudzimai wake, mudzimai nemurume wake; vano zvitambanidza pamwe chete.

<sup>213</sup> Semurume anoti “akarooro” asi otadza kuratidza nekuonesa kuti ane mudzimai, unopokana zvaanoreva. Maona? Mumwe murume akati, “Ndakarooro.”

“Mudzimai wako aripi?”

“Oh, oh, ini—ini handizive pamusoro *pazvo*.” Maona? Maona? Chinenge chiri chinhu chakati omei kwandiri kuti ndimutende.

Ndoti, “Zvakanaka, mudzimai wako aripi?”

“Zvino, handizive.” Ini—ini handisi kuzozvitenda.

<sup>214</sup> Saka, munoono, kana uine zvaunotaura kuti unazvo, “Ndine kutenda,” uhandiratidza sei kuti une kutenda? Nemabasa ako. Maona?

“Ndakarooro.”

“Ndinoziva sei kuti wakarooro?”

“Uyu ndiye mudzimai wangu.” Maona? Hezvoka izvo.

“Ndakaroorwa, uyu ndiye murume wangu.”

“Ndakapodzwa.”

“Unozviza sei?”

<sup>215</sup> “Mabasa angu anoratidza kutenda kwangu.” Maona? Maona? Zvino, zva—zvauro kutaura pamusoro pazvo: kutenda kwako ndiko Mwari kwavanoona mauri, mabasa ako ndiwo anoonekwa nevanhu mauri.

216 Ndiwo musiyano pakati paJakobho naPauro pano, vachitsanangura nezvaAbrahama. Havana kumbopesana, vose vaireva zvimwe chete; kuroorana.

217 Saka ndizvowo zviru kutenda kusingabereki mabasa, munhu wese ane kodzero yekupokana chapupu chako. Zvino muri kuzvinzwa here, tisati tatanga mutsara wekunamata? Kana kutenda kwako kusingabereki mabasa pamwe nako, haugone kuita kuti mumwe munhu atende kuti wapodzwa. Woti, “Zvino, handizive.” Maona? “Handiti, hongu, chokwadi, ndine kutenda kwese kuri munyika.” Hauna. Nokuti, kana wakadaro, uine kutenda, zvino mabasa akaroorwa nekutenda. Izvozvo murume nemudzimai, mumwe—mumwe anozivisa mumwe wacho.

218 Ngatifungei nezvaAbrahama kwemaminitsi mashoma. Abrahama akawana kubatana kutsvene uku muhuzaro, munoono, akabatanidza chinhu chacho chese. Akadana zvinhu, zvaipesana nekutenda kwake, sekunge zvaisavapo; akazvibata nenzira imwe chete iyoyo. Ndinogona kufungidzira, mushure memakore angaita makumi maviri, mumwe munhu akapfuura nepo akati, “Baba vendudzi? Huh! Abrama, wakati zita rako ndi ‘Abrahama,’ zvinoreva *baba vemarudzi*. Vambori vana vangani vaunavo iye zvino, Abrahama?” Maona?

219 Izvozvo hazvina kumbomugumbutsa kana nepadiki. Bhaibheri rakati, “Haana kukahadzika paShoko raMwari, nekusatenda.” Akangoenderera mberi achigadzirira, achichengeta mabhutisi ese nemanapukeni nezvese, iye akanga ari “kuzova nemwana.” Ndizvo zvega.

220 Kunyange Sara akati, “Munoziva kuti chii chichaitika? Uri kuzova nemwana, asi ndiri kuzokuudza nzira yatichazviita nayo. Hagari mushandi wangu zvino, ndiri kuzomupa kwauri.” Nokuti, barika raitenderwa kareko. “Zvino achazova nemwana, uye ini ndichatora mwana wacho pachangu.” Asi Abrahama haana kuzvitenda izvozvo. Kwete, haaizodaro. Asi Sara akafemerwa kuzviita.

221 Saka, Mwari vakaudza Abrahama, “Enda mberi umuteerere,” asi iVo vakati, “asi izvi handizvo zvaNdakakuvimbisa. Handiyo nzira yandakazvivimbisa nayo.”

222 Zvino tarisai, akati chinhu chipi zvacho “chinopesana,” uye mutumbi wake wakafa zvino, zvimwe chetezvo nechizvaro chaSara. Zvino, aiva murume akwegura, aine makore zana. Sara aiva nemakore makumi mapfumbamwe. Zvino cherechedzai! Kufa kwechizvaro chaSara kana kufa kwemutumbi wake hazvina kana kumbotariswa.

223 Teerera! kune izvi.

*Nokuti chipikirwa, chokuti uchava mugari wenhaka yenyika, hachina kupihwa Abrahama, kana rudzi rwake, nomurairo, asi nokururama kwekutenda.*



*Nokuti dai kwaiva kubudikidza nemurairo... kwaiva kubudikidza nomurairo vari vagari venhaka, kutenda kunoshaiswa maturo, nechipikirwa chino... chinoshaiswa maturo:*

*Nokuti murairo unouyisa kutsamwa: uye kana pasina murairo, hapana kudarikawo.*

224 Teererai kune izvi, zvino.

*Uyo pasine tariro...*

“Pasine tariro,” tariro yese yanga yaenda! Oh, nguva dzose pandinoita sekunzwa “kusafara,” hechino chitsauko chandinovhura, vaRoma 4, munoono.

*(Sezvazvakanyorwa zvichinzi, Ndakakuita baba ve...marudzi mazhinji,) pamberi paiye waakatenda, iye Mwari, unopa vakafa hupenyu, nekudana zvinhu zvakanga zvisipo sezvinenge zviripo. (“Mwari vakataura kudaro!” Maona?)*

*Wakatenda netariro pasine tariro, kuti ave baba va... marudzi mazhinji; sezvakanga zvarehwa zvichinzi, Rudzi rwako rwuchadaro.*

225 Zvino teererai, ndima 19.

*Haana kushaya simba pakutenda, asingafunge muviri wake wakanga watofa hawo, zvaave nemakore anenge zana, kunyange...nokufa kwechizvaro chaSara:*

*Haana kudzadzarika pavimbiso yaMwari nokusatenda; asi aive akasimba...akakudza Mwari;*

226 Nemakore zana? Honai, mutumbi wake zvino wafa (hurume hwake), uyewo chizvaro chaSara chafa. Iye... Hazvina kana kumbotariswa, pazvakazarurirwa kwaari. Mubhedha uyo hautombotarisiwe. Wakaoma mutezo, kana chero zvauro, hazvitarisiwe. Hwiricheya haitombofungwe nezvayo, yemukomana mudiki uyu. Anogona kunge akaoma mutezo, kana chero zvazviri (handizive), hazvitarisiwe. Usatombofunga nezvazvo.

227 “Asi chiremba akati, ‘Haasi kumbofa akabuda imomo.’ Chiremba akati, ‘Haasi kuzombouya.’” Izvozvo hazvitombotarisiwi.

228 “Zvakanaka, tarirai, ndiri munhu akwegura, ndave kusvika pazera repakati nepakati.” Hazvitombotarisiwi.

229 Zvino isu tiri vana vaAbrahama (Hareruya!), kwete sezvaiva zviriri Isaka, asi Mbeu yake yeHumambo (kubudikidza naJesu Kristu) nekutenda kwaiva nako, Mbeu yaAbrahama ichiuya mumazuva ano ekupedzisira kuzopenya senyeredzi. Vana vaAbrahama! “Haana kufunga nezvemutumbi wake wakanga zvino wafa.” Haana kana kumbozvitarisa! Hazvina kana

kumbounzwa kuti Mwari vaizozviita here kana kwete, Mwari vakati achazviita! Sei? Zvakazarurwa kwaari. Ndizvozvo here?

<sup>230</sup> Kana zvichinge zvazarurwa kwaari, kana chaizvoizvo... chimwe chinhu...Haugone kuita kuti zviitike, zvinotofanira kuzarurwa kwaari. Zvadaro hapana kana chimwe chinhu chaunotarisa: kuti hazvigoneke sei, hautarise zvakataurwa nachiremba, hautarise zvakataurwa naamai, zvakataurwa nababa, zvakataurwa nemuparidzi, zvakataurwa naani zvake. Unongotarisa zvakataurwa naMwari!

<sup>231</sup> “Haana kutarisa kufa kwemutumbi wake, kunyange kufa kwechizvaro chaSara.” Hazvina kana kumbofungwa pamusoro pazvo. Oh, ini zvangu, zvinondizunguza. Mutumbi wakafa, kana kufa kwaSara, chizvaro, hazvina kana kumbotariswa.

<sup>232</sup> Hapana zvimhingamupinyi zvinotariswa kana kutenda kwawana ivhu rekudyarira! Kana chizenga chehupenyu chinobva mumurume chawana za—zai mumudzimai, zvose zviri zvipenyu, chimwe chinhu chiri kuzoitika. Hareruya! Chiremba anogona kuti, “Hamusi kuzova nemwana. Ndinogona kuratidza kuti zvizenga zvako—zvako zvakafa mumutumbi wako, uye mazai emudzimai haasi kuzobereka.” Asi regai zai iri rine upenyu, regai chizenga ichi chipinde muzai iroro nguva imwe chete, tarisai zvinoitika; kamukomana kana kamusikana kaduku kanouya panzvimbo. Sei? Kutenda kwawana nzvimbo yekudyarira. Mabasa anoita basa, chizenga pamusoro pechizenga, uye hepano panouya kamuchinda kadiki. Ameni. Mwari, vatinzwire tsitsi. O Mwari, dai taiva Makristu akakwasharara sezvatinofanira kuva; dai taiva varume nemadzimai vanogona kutora Mwari paShoko raVo! Haugone kuzviita kusvikira zvazarurwa kwaari.

Ndinofanira kukurumidza.

<sup>233</sup> Cherechedzai, kutenda kutsvene kwaMwari kwakabatanidzwa nemabasa matsvene emuporofita waKe. Rangerirai, kutenda kwaMwari kutsvene kwakazarurirwa kuna Abrahamu. Akakugamuchira, uye ipapo akatanga mabasa ake matsvene, kubudikidza nekutenda. Mbeu yevimbiso yaiva nenzvimbo yekukura. Ko dai akati (Abrahamu) “Zvakanaka, unoziva, Sara, handiti, ava makore makumi maviri nemashanu kubvira Mwari pavakaita vimbiso iya”? Uh-oh! “Dai chimwe chinhu chakaitika,” munooni. Asi hazvaidaro. Mwari vaiziva kuti hazvaidaro.

<sup>234</sup> Ko dai mhandara Maria akati, “Zvakanaka, zvino, mirai kweminiti! Mha—mhandara kubata mimba? Zvino, vanondikandira kunze kwechechi yangu kana ndikapinda ndotaura chinhu chakadaro”? Zvino, angadai akafunga pfungwa idzodzo dai rakanga risiri bindu rekudyarira rakafanogadzirirwa.

235 Muporofita uya paakati, “Mhandara ichabata mimba,” zvakazvipedza. Maona?

236 “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Kana bindu rekudyarira rakararapo paya Shoko parinowira ipapo, Rinobatirira. Hapana chinogona kuRidzivisa.

237 Zvino, nekukurumidza, patiri kupedza. Munoono, Mbeu yaiva nenzvimbo yekuhwanda. Mwari vaizviziva, kana kuti vangadai vasina kumbopa vimbiso kuna Abrahamama. Zvino teeresesai, chaizvo zvino. Mwari vaiziva kuti vimbiso yaienda kupi; Havana kumbodana Abrahamama kusvikira ava nemakore makumi manomwe nemashanu, asi aiva muranda waVo akafanotemerwa kubva kumavambo, naizvozvowo Sara.

238 Cherechedzai, rangerirai, akanga asina Bhaibheri rekuverenga. Zvakanga zvisiri nyore kwaari sezvatiinazvo nhasi, kuverenga Shoko raVo nekuona vamwe vakaRitora. Rangerirai, akangova naRo nechizaruro bedzi, uye ndicho chinhu chaicho. Zvimwe chetezvo sezvazvaiva naJosefa, muna Genesi, pakanga pasina Bhaibheri. Rangerirai, Mosesi akanyora Genesi, Eksodho, Revhitiko, naDheuteronomio. Hapana kana mumwe chete wevanhu varimo aiva neBhaibheri rekuverenga kusvikira mushure maMosesi. Ndizvozvwo here? Vakanga vasina Bhaibheri ratiinaro, kutibatsira muchinhanu chedu chakaremara. Vaiva varume vakakwasharara avo... zvakazarurirwa kwavari naMwari, vakanyatsomira ipapo. Hapana chakavazunguza. Zvino, munofunga kuti tichiri kukwanisa kuwana kutenda kwakakwasharara kudaro here? Kana Zvikazarurirwa kwauri!

239 Regererai chitaurwa, kana kuti chapupu panguva ino, tisati tavhara. Ndinorangarira kuti kumusoro kuno ku “Twin City,” ndinofunga Hama Brown nevamwe vaiva ikoko neni; uye ndaitora hupenyu hwaJosefa, muBhaibheri. Zvino ndakaverenga Bhaibheri iroro, paiva nemurume ipapo akanga asina chipomerwa! Abrahamama, Isaka, Jakobho, nevamwe vose, vaiva nechipomerwa, asi kwete Josefa. Murume akadini, murume akakwana, mufananidzo wakakwana waKristu!

240 Pandakazviverenga, ndakangotanga kuchema, rimwe zuva, mukamuri yangu duku yemuhotera. Ndakaenda mukamuri yemukati mandaive ndakarembedza hanzu dzangu, ndokuvhara mukova, ndikati, “Mwari, ndinoda kuKutendai nokuda kwemurume akaita saJosefa, murume akambogara panyika, mu—murume panyama seni, murume aikwanisa kutenda maMuri nekutora Shoko reNyu.” Akavengwa nevakoma vake. Aisakwanisa kusava wemweya. Akaona chiratidzo. Aigona kududzira chiroto. Vese zvavo vaimuvenga nokuda kwazvo. Aisakwanisa kuzvibatsira pane izvozvwo, ndizvo zvaaingova.

241 Munoono, zvakanga zvisingori kune vamwe. Vaifanira kunge vaimuda, asi panzvimbo pekudaro... Paakavaudza, dzimwe

nguva zvinhu zvinopesana navo, “Oh,” vanoti, “heuno muroti wauya.” Maona? Zvino vaimuvenga pasina chikonzero.

242 Ndikati, “Vakazviitireiko?” Asi zvakadaro murume iyeye haana kumbobvira azungunutswa, akaramba akamira ipapo chaipo. Maona? Ndikati, “Maita heNyu, Ishe. O Mwari, ndinoKutendai nokuda kwemurume akadai.”

243 Zvino pakare ipapo Mweya Mutsvene akazarura kwandiri, ndokuti, “Uchava nemwanakomana, uye uchamudana zita rokuti ‘Joseph.’” Ndakasimuka kubva ipapo ndikatenda Ishe.

244 Becky, agere kumashure uko, anga achangobva kuzvarwa zvingaita. . . aiva oda kuva negore aberekwa. Akasunungukwa neopareseni, zviru kumhuri yemudzimai wangu kubereka neopareseni; nekuti havasununguke sezvinofanira kuita mudzimai, mapfupa avo akaomarara seemurume, saka akatochekwa kubva pana mai vake. Uye chiremba akandiudza, akati, “Hama Branham, musambofa makava nemumwe mwana zvakare nemudzimai uyu.” Akati, “Chizvaro chake chakatetepa kunge chibharuma.” Iye akati, “Zvitori nane mukanditendera kuti ndisunge machubhu ayo.”

245 Ndikati, “Kwete, handingadaro. . . musatombofunga zvekudaro, ‘Chiremba.’”

246 Iye akati, “Zvakanaka, mu—mu—much. . . Haafanire kuva nemumwe mwana.” Akati, “Muri kuzomukuvadza,” akati, “anofa.” Akati, “Tava nenguva yakaoma kwazvo umo,” akati, “imi chingo. . . angokwanisa kubudirira nepadiki.”

247 Uye zvararo Ishe ndokundiudza kuti ndanga “ndiri kuzova nemwanakomana” uye zita rake raizonzi “Joseph.” Handina kumbotyiswa nazvo. Mose, vazhinji venyu, munorangarira.

248 Ndakaenda mberi, ndichizvishambadzira, “Ndiri kuzova nemwana; zita rake richanzi Joseph.” Vangani vanozvirangarira? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chokwadi! Kupoterredza kwese, munyika yese, kwese-kwese, ndichiudza vanhu, “Ndiri kuzova nemwana; zita rake richava Joseph.”

249 Zvimwe chetezvo sekamukomana kaye kakamutswa, kuFinland, kubva kuvakafa. Hama Jack vaivapo chaipo pazvakaitika. Ndakakuudza, makore maviri kana matatu zvisati zvaitika, “Pachava nemukomana mudiki,” mapfekero aazenge akaita, paanenge avete. “Mwari vakataura kudaro!”

250 “Zvichaitika sei?”

251 “Handizive! Asi zvakazarurwa kwandiri kuti zvakanga zviru kuzoitika!”

252 Zvakazarurwa kwandiri, “Ndaienda kuArizona, uye ikoko ndaizosangana neNgirozi nomwe. Uye dzaizondiudza, neMharidzo yandaizoparidza.” Uye ndizvo zvaiva Zvisimbiso Zvinomwe. Zvakaitika! Vangani vanorangarira ndichitaura kudaro? Matepi nezvimwe zvakazvirekodha. Uye zvakaitika!

Mamagazini, nezvimwe zvese, zvakatora mufananidzo waCho. Chiedza chiya muchadenga, havasati vaChinzwisisa nazvino. Hapo pachaiva.

<sup>253</sup> Ndinorangarira ndichidana Hama Jack ndichivabvunza pamusoro pazvo, Kristu achinge akamirapo, uye Hama Jack vakati, “Ndeapo ari muchinhano chaKe chekubwinyiswa.” Maona? Ndinoda Hama Jack. Ndemumwe wevadzidzi vebhaibheri vepamusoro wandinoziva, asi handina kukwanisa kunyatsozvinanganisa nemazvo.

<sup>254</sup> Ndaiva ndakamira ipapo, ndikati, “Ishe, izvi zvakadini? Murume wechidiki pano” ndikati, “aine vhudzi rakachena semakushe ehwai.”

<sup>255</sup> Zvino iVo vakati, “Akapfeka wigi.” Tarisai mubhuku, zvisati zvatomboitika, ndakazvitaure. Uye zuva iroro pazvakaitika, chakaenda mudenga. Zvino tendeutsai mufananidzo iwoyo nekurutivi, kana muine *Look Magazine* kana *Life Magazine*, ritenderedzei nekurutivi. Hepanoi paAri, chaizvoizvo, *Musoro waKristu* waHofmann, akatarisa zasi pandaiva ndakamira; hapo paUri mumagazini! Vangani vati vamboUona? Hongu, mese makaona. Ipapo, akanyatsotarisa kumashure, ndokunyatsoratidza nemazvo kuti chizaruro chaiva chemazvirokwazvo.

<sup>256</sup> Sei akapfeka wigi? Handiti, vatongi vakare veChirungu, vatongi vechiJudha, vaisipfeka wi—wi—wigi, vachiri kuzviita kuEngland; kana iye...ndiwo masimba epamusoro-soro, anopfeka wigi. Uye zvakaMuratidza amirepo, aine wigi yemapapiro eNgirozi, Ndiye Arfa naOmega. Ndiye Mutongi Mukurusa, uye hapana mumwe kunze kwaKe iYe. Ari kuoneka saArfa naOmega. Zvino ipapo Aiva Murume wechidiki, kwete, kana kudarika, makore makumi matatu okuberekwa, akapfeka wigi chena. Achiratidza kuti Aiva Mwari, Mukurusa, “Baba vakakumikidza kutonga *kwese* mumaoko eMwanakomana.” Hareruya! Chizaruro hachimbokanganisi! Chitaure zvakadaro, hazvina basa kuti zvinonzwika sei, zvongoenda mberi neShoko.

Uye ndinorangarira, makore mana akatevera, mudzimai wangu...

<sup>257</sup> Takaziva kuti takanga tiri kuzova nemwana. Munhu wese akati, “Uyu ndiJoseph ari kuuya here?”

<sup>258</sup> Ndikati, “Ndofunga ndiye, handizive, asi ndiri kuzova naJoseph.”

<sup>259</sup> Paakazvarwa, aiva Sarah. Zvino mumwe murume akandifonera, akandiseka muchiso changu, akati, “Zvino, unozivei? Waireva Josephine!” (Murume iyeye akafa. Murume iyeye akafa.)

260 Ndikati, “Changamire, ndakati, ‘Mwari vakandiudza kuti ndanga ndiri “kuzova nemwanakomana” uye “ndaizodana zita rake kuti ‘Joseph’!””

261 Paiva nevanhu vatatu vakabva kuchechi yerimwe sangano zvino ndokuuya kukereke yedu, uye vakandinzwa ndichitaura kudaro. Sarah paakaberekwa, vakati, “Huh! Muporofita wenhema.”

262 Ndikati, “Mirai zvishoma, madzimai, handina kumbotaura kuti *riinhi*, kunyange Mwari havana kumbotaura kuti *riinhi*. Vakandiudza, kuti ‘ndaizova ne...’ Vakanga vari kuzo...vakaudza Abrahamu, ‘vaizova naIsaka,’ asi Ishmaeri akaberekwa pakati penguva iyoyo, asi hazvina kuRibvisa zvachose.” Ndakati, “Mwari vakati ndaizova nemukomana uyu uye vachazodana zita rake kuti ‘Joseph.’”

263 Chiremba akati, paakauya, akati, “Mufundisi, ndave kuzosunga machubhu aya zvino.” Akati, “Ndi...”

264 Ndikati, “Musambodaro!” Ndikati...

265 Iye akati, “Zvakanaka, unogona kuroora zvakare wozongova nemukomana iyeye.”

266 Ndikati, “Ndiri kuzomuwana nemudzimai uyu! Mwari vakataura kudaro!” Ndaisagona kuzviverenga kubva muBhaibheri asi zvakanyorwa pamoyo pangu nechizaruro, nekutenda; Mwari vakadaro! Handina kuda kudzadzrika pavimbiso yaMwari kubudikidza nekusatenda.

Vamwe vavo vakati, “Waireva ‘Josephine.’”

Ndikati, “Ndaireva ‘Joseph.’”

Chiremba akati, “Haagone kuita mumwe mwana.”

Ndikati, “Achava nemumwe mwana.”

267 Makore mana apfuura, pakupedzisira akanga ari kuzova amai zvakare.

268 Zvadarwo mumwe mukadzi, (chiporofita chenhema chakatumwa nemunyika) achinyora mashoko, akati, “Zvino Meda ari kuzofa, panguva iyoyo, nokuti ndakatumwa kuzotungamira Bill.” Uye chakati “Haasi kunditeerera nokuti ndiri mukadzi, uye Mwari vari kuzomuranga zvino nekuuraya mudzimai wake.”

269 Ndikati, “Mwari vakatuma Jesu Kristu kuti anditungamire.” Maona? Uye ndikati, “Ndinotungamirwa neMweya.”

270 Meda anonzvisa tsitsi. Taiva nemukoti aiva akapodzwa mumisangano, mese munoziva, Mai Morgan, (mumwe wevana mukoti vekwaMayo, vanorapa zvinhanho zvakaipisisa). Zvino, vakarekodhwa kunzi, “vakafa,” angaita makore makumi maviri apfuura, nekenza, “kenza yesarcomas,” muLouisville, aripo pamarekodhi echipatara cheBaptisti. Mukoti mu—

muJeffersonville, muchipatara, zvino. Vavako kwemakore ese aya, nokuti Mwari vakati “Aizorarama.”

271 Zvino, saka, Meda aimuda, uye akati, “Ndinoda kuti Margie auye neni, Bill, handisi kunzwa kuda kuenda kuchipatara.”

272 Ndikati, “Usaite. . . Tinoda Margie, asi Margie handiye Mwari wedu, Margie ihanzvadzi yedu.” Zvino ndakasimuka ndokuenda kuGreen’s Mill. Akanga andiita kuti ndishushikane. Nokuti, ndinomuda. Ndakakwidza kuGreen’s Mill.

273 Zvino akati, “Bill, unofunga kuti ndichafa here?”

274 Ndikati, “Handizive, asi mwana ari kuzozvarwa, zvakadaro. Uri kuzova naJoseph.”

275 Mudzimai akati, “Ndiye uyu here?”

276 Ndikati, “Handizive, Mudiwa. Handigone kureva, asi Mwari vakati ari ‘kuzova naJoseph,’ uye tiri kuzova naJoseph. Handina basa nezvinotaurwa nechimwe chinhu, tiri kuzova naJoseph. Nokuti, Mwari vamwe chete vakandiudza zvizaruro zvese izvi, vakandiudza *kudaro*, Havana kumbobvira vakundika pane zvimwe uye havasi kuzombokundika pane izvi.”

277 Ndakakwidza, kuchigayo, kunonamata. Ndakananga ikoko. Hapo paiva neChiedza chiya chakaremba pakati pemitivi miviri, ndokuti, “Dzokera kwako, uko, kuBhuku.”

278 Ndakadzokera kuBhaibheri, zvino rakanga riri mumota yangu. Zvino pandakadaro, mhopo yakarifuridza kune apo Natani aive agere, naDhavhidhi; ndokunzi, “Enda unoudza muranda waNgu Dhavhidhi; ndakamubuditsa kubva mudanga remakwayi, kubva mukuchengeta makwayi mashoma ababa vake, ndokumupa zita guru seremunhu mukuru.” (kwete rose zi—zita gurusu, asi *sezvakaita* remunhu mukuru; havana kumbomuita Billy Graham, asi. . . ndokumupa zita, munoziva) Ndokuti, “Ndakaita izvozvo, asi” ndokuti, “handigone kumurega achivaka temberi, asi mwanakomana wake. . .” Zvino paRakangoti, “Vanakomana vake,” oh, ini zvangu, hapo pazvaiva.

279 Ndikati, “Joseph?” Ndizvozvo.

280 Ndakabva ndananga kumba. Uye heuno muchinda muduku, akurirwa kwazvo, iye, mukomana mukuru, aitonetseka kufamba, kubuda nemumunda. Ndakamhanya, ndikamumbundira, ndikati, “Mudiwa! Joseph ari kuuya. Joseph ari munzira yake.”

281 Munhu upi zvake anoziva, kuzvara neopareseni, haugone kurega mwana achidzika. Usiku ihwoho mwana akadzika, mvura ikapamuka, nezvimwe zvese.

282 Mangwanani akatevera, naseven o’oclock, takaenda kuchipatara, chiremba akati, “Oh, maiwe, zvangu.”

283 Ndakamutsvoda pakuonekana, ndikati, “Mudiwa, nenguva isipi, Joseph anenge ave pano.” Akakwidza masitepisi achienda, saizvozvo, patafura yekuvhiyiwa.

284 Mumaminiti mashoma, mukoti akadzika, akati, “Mufundisi Branham?”

285 Ndikati, “Hongu, amai.”

286 Akati, “Mune mukomana, akanaka, anorema mapaundi manomwe, nemaauzi matatu.”

287 Ndikati, “Joseph, mwanakomana, ndinokuchingamidza.” Hongu, changamire! Sei? Sei? Chii? Hazvina kunge zvakanyorwa muBhaibheri kuti zvaizoitika, asi Mwari mumwe chete weBhaibheri wakazvizarura kuna Abrahamu, hatina kutarisa kufa kwechizvaro chake, kusakwanisika kwazvo kuti zviitike nenzira iyoyo. Haudzadzarike pavimbiso yaMwari kubudikidza nekusatenda, asi unopa rumbidzo kuna Mwari, uchiziva kuti zvinofanira kuitika! Handina basa kuti chiremba anoti kudini, zvimwe zvinhu zvese zvichauya neimwewo nzira, asi iwe usazvitende, inhema dzadhiyabhorosi. Hongu, changamire, chokwadi. Kutenda kunoenda, pamwe chete nemabasa, kunosika vimbiso. (Ngatikurumidzei.)

288 Chaizvo sezvazvakataura, “Rakabhi chipfeve,” Jakobho akati, “akaruramiswa nemabasa.” Asi sei? Kutenda kwake!

289 Akati, “Ndakanzwa kuti Mwari vanemi.” Haana kuda kuona kuti Joshua anogadzira vhudzi rake sei, kana mapfekero aaiita hanzu dzake. Akati, “Ndine kunzwisisa kwekuti Mwari vanemi.” Ndizvo zvega zvaiva nebasa, akagadzirira.

290 Sechiratidzo chechokwadi nhasi, (ndave kuvhara muchinguvana) zviratidzo zvechokwadi zvabva kuna Mwari nhasi, iShoko rakavimbiswa rezuva rino. Ungati, “Zviratidzo izvi, Hama Branham, munozviwana kupi?” Vanhu vanogumburwa nazvo. Mabasa 2:17 haina here, kuti, “Zvichaitika kuti nemazuva ekupedzisira majaya enyu achaona zviratidzo, vatana venyu vacharota hope”? Handizvo here? Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.

291 Zvakanaka, zvino kana zviri izvo, tarisai zvakare Maraki, chitsauko 4, muone kana izvi zvisina kuvimbiswa nhasi. Ungakwanisa sei kuva nekutenda maRiri? Bhaibheri rakadaro!

292 Zvino chitora Ruka 17:30 woiverenga. Jesu wakati, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Sekungova kwazvaiva paSodhoma. Zvino, tarisai chinhano cheniyika nhasi: vaSodhoma. Tarirai uya Billy Graham naOral Roberts, zvapupu zviya zviviri, zasi uko vachipupurira machechi emasangano. Mumwe kuMethodisti, Baptist, nePresbyteriani; mumwe kumaPentekosti. *Uyu, uyo, neumwe wacho.*



293 Asi rangarirai, Abrahama aisava muSodhoma, aiva akatodanirwa kunze nechekare. Uye paiva neuYo akasara achitaura naye! Zvino uYo akasara achitaura naye, akamuratidza chiratidzo. Akapira musana waKe, Akati Sara aizova nemwana waakanga akamirira. Amen. Akapira musana waKe. AkaIdana kuti, “Mwari, Erohimu.”

294 Zvino, zvinozadzikiswa nhasi, nokuti tine kutenda. Uye ndinoziva kuti izvi ndezvaMwari, nemhaka yekuti izvi nemamwe Magwaro zvinonongedza kunguva ino. Zvakazarurwa 10, yakataura kuti “munguva yeMharidzo yemutumwa wechinomwe, paanotanga kuridza Mharidzo yake,” kwete mushumiro yekupodza, asi Mharidzo inotevera shumiro yekupodza.

295 Jesu wakaenda achiparidza. Akati, “Akapodza varwere, nezvese. Oh, Mudzidzisi wechidiki uya, Muporofita, iYe Munhu mukuru. TinoMuda mukereke yedu.”

296 Asi rimwe zuva Akasimuka, akati, “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe.” Oh, ini zvangu. Havana kuzomboMuda zvakare ipapo. Hongu. Oh!

297 “Kunze kwekunge wadya nyama yeMwanakomana wemunhu, nekunwa Ropa raKe!” Haana kuZvitsanangura. Akati, “Kunze kwekunge wadya nyama yeMwanakomana wemunhu, nekunwa ropa raKe, hamuna Upenyu mamuri.”

298 Sei, ndinofungidzira, vamwe vanachiremba nevakoti vakati, “Muchinda uyu ndimusvetaropa, ari kuedza kutiita kuti tinwe ropa rake.” Munoono, havana kuZvinzwisisa. Iye aizviziva.

299 Asi vadzidzi vaya, vanogona kunge vasina kugona kuzvitsanangura, asi vakagara ipapo ndokuZvitenda zvakadaro, ameni, nokuti Zvakazarurwa kwavari. Hongu, changamire. VaiZviziva, Magwaro akanga aZvishambadzira.

300 Ndaigona kubvunzwa pane izvi, kana mungada kuti, “Sei muine kutenda kwekutenda mune zviratidzo izvi, ipo—ipo paine kutevedzera kwenhema kwakawanda kuri kuendeka?”

301 Ndiri kuzotaura chimwe chinhu chidiki, chakati simbei, kweminiti zvino. Kana paine kutevedzera kwenhema kwakawanda kuripo, rangarira, hama yangu, vakataurwawo nezvavo kuti vanofanira kuva pano panguva imwe chete ino. Ndizvo chaizvo, sezvazvaingova munguva yaMosesi. Mosesi akaenda zasi kunoita mabasa aMwari pamberi pevanhu, uye hapo paiva naJambure naJane vakamirapo. Asi ndiyani akatanga kuzviita? Zvino vamwe ava vaiva vatevedzeri, nokuti paifanira kuva newe kutanga kuti ivo vagotevedzera. Dai vaiva ivo vakatanga... Uh-huh. Kwete, hatina—hatina kurasika. Tinoziva patiri, munoono, munoono, neGwaro nechizaruro chaMwari. Ndokusaka uchiri wakamira.

<sup>302</sup> “Sei, murume *uyu*, anoona zviratidzo nezvakadaro. Anoita *izvi*, uye anomhanya-mhanya nemudzimai wemunhu *uyu*. Anotenda muna—muna vamwari vatatu, nezvimwe zvese *izvi*.” Izvozvo hazvimboRizunguze kana nepadiki pese. Uye hepano chinhu chimwe chete chavasingagone kutevedzera: Shoko! Cherechedzai. Vanogona kuwana zvinhu zvese *izvi*, vanogona kutaura nendimi, vanogona kudanidzira, kutamba muMweya, uye voramba vari madhimoni. Uh-huh. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Asi Shoko iri rinovayera. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Apa ndipo pazvinosvika. SaMosesi, naJambure. . .

Zvino rangarirai, Iye akati, “SaJambure naJane vakapikisa Mosesi, mumazuva ekupedzisira vatevedzeri ava vaizosimuka panyika zvakare.” Akazvitaure here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Saka, tinavo.

<sup>303</sup> Asi hazvina kuzunguza Mosesi. Mosesi paakatendeuka ndokuita chishamiso nemuZita raShe, zvino naipo paive pamire vatevedzeri ava, vakaita chinhu chimwe chetecho. Izvozvo hazvina kumbomumisa, oti, “Saka, ndofunga zviru nane ndikarega ndobuda ndichibva mumunda wekuvhangera.” Akaramba ari ipapo. Nokuda kwei? Zvakanga zvazarurwa kwari. Hareruya! Aiziva kubudikidza neShoko raMwari. Aiziva kuti Shoko raiguma rabatana navo. Aiziva kuti kwaizouya nguva apo Shoko raizoZviratidza, uye hakuna kumwe kure kwavaigona kuenda.

<sup>304</sup> Saka ndaizviziva, makore ese aya, munoona, ndizvozvo, kuti nguva yacho yaizosvika. Kana chishamiso chipi zvacho chinotumirwa naMwari, chishamiso chechokwadi, panogara paine shanduko pahurongwa hwacho hwese. Kana Mwari vakatumira chimwe chinhu mukereke, uye hurongwa hwakare hworegedza kushanduka, Vanenge vachitumira pasina. Shoko parinoenda nezviratidzo nezvishamiso, pane Mharidzo inotevera izvozvo. Jesu paakaenda mberi achipodza vanorwara, zvadaro kwakazouya Mharidzo yaKe, “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe. Ini ndini iVo.” Maona? Munoona, ivo—ivo vaisazvitenda iZvozvo. Vaitenda zvishamiso zvaKe. Ndokuti, “Kana musingagone kuNditenda ini, tendai zvishamiso izvo, nokuti zvinopupura kwamuri, kuti Ndini Ani.” Oh, ini zvangu. Girori! Ndiani akatanga? Mosesi! Ndokubva vamutevedzera. Asi zvokwadi huru dzinoramba dzakadaro pakati pechakanaka nechakaipa, havagone kugamuchira Mharidzo! Havagone kugamuchira Mharidzo isina kusvibiswa, kubva muShoko raMwari.

<sup>305</sup> Handina basa, Judhasi anogona kunge akaita mhando yese yezviratidzo nezvishamiso; asi, paakasvika pakugamuchira Mweya Mutsvene paZuva rePentekosti, akaraidza mavara ake. Dhiyabhorosi iyeye anogona kunyatsouya otevedzera chinhu chacho nemazvo, kusvikira zvasvika paShoko iri, asi haagone kutora Shoko rese iroro. Anogona kuzviunza zvese, pamwe kusvika paShoko rimwe chete sezvakaita Evha,

zvakaite dhiyabhorosi kuna Evha, asi haagone kurisanganisa rese. Nokuti izvo bedzi... chinhu chacho chese Mutumbi waKristu. Maona, Shoko zvino. Vaisakwanisa zvakare... Vaisagona, havagone kutora Mharidzo iye zvino, kunyangwe Jambure naJane vaisakwanisa kutora Mharidzo yaMosesi. Vaisagona kuzviita. Mabasa avo ekutevedzera akaziviswa, nokuti vaisagona kutevera Shoko raMwari rakasimbiswa nemuporofita waVo akazodzwa. Maona?

<sup>306</sup> Vaisakwanisa kutevera Israeri pakubuda. Sei? Vaiva vana vemasanganano, veEgipita! Vaisakwanisa kutevera Shoko iroro. Dai vakadaro, vaifanira kusiya Egipita. Naeri, zvese, zvaiva zvakanakira, uye vaisagona kuzviita. Kunyange vaigona kutevedzera mabasa, nekuita zvakaitewa naMosesi, asi hupenzi hwavo hwakaraidzwa pakasvika nguva yekubuda. Ipapo Mwari vakanyatsozviduririra, pavari.

<sup>307</sup> Zvimwe chete zvino! Vanogona kuita mhando dzese dzekutevedzera kwenhema nezvinhu, hapana zvazvinoita kunze kwekusimudzira chinhu chakanaka. Uye mwana upi zvake anotenda anoziva kuti iChokwadi. Uh-huh. Pano munonyatsa kuzviona pachena, zvino, mabasa ehupenzi hwavo hwekutevedzera. Kana—kana mabasa ako ari Shoko rechokwadi uye akasimbiswa naRo, kubudikidza nekutenda kwako, zvicharatidza, uye sevimbiso yaMwari, muchinhano chaRo chepakutanga cheShoko rakanyorwa.

<sup>308</sup> Jesu wakati, “Kana ndikasaita mabasa...” Nyatsoteereresai! “Kana ndikasaita mabasa...” Regai ndiwedzere izvi kwaRiri. “Ndiko kuti, kana Ndikasaita mabasa amunoudzwa neMagwaro kuti Ndichaita, zvino... kuzozviita muzera raNgu, paNdinouya, zvaifanirwa kuitwa naMhesiya paAnouya. Kana zvinhu zvaNdinoita, kana Mwari vakasimbisa Shoko iroro raVakati raizoitika, kana hupenyu hwaNgu hukasaita kuti Shoko iroro rive benyu chaizvo izvo sezvaRakataura kuti Raizoita...” Musapotsa izvi! Jesu achiti, “Munoziva zvinofanira kuitwa naMhesiya. Zvino, kana Shoko iroro rakanyorwa, uye zvino Rorega kuZviratidza nemaNdiri, zvino haNdisi iYe.” Amen! “Uye zuva randiri kutaura nezvaro handiro, zvakaitewa naJohane pamusoro paNgu zvaisava chokwadi. Uye zvino kana Ndisiri Mhesiya iyeye, kana mabasa ayo aifanira kuitwa naMhesiya. Achazova ‘Jehova Mwari wenyu achasimudza muporofita akafanana neni,’ uye hamuna kumbobvira mava nemuporofita kwemazana emakore. Zvino kana mabasa iwayo Andinoita, akavimbiswa naMwari, kana akasazadzikiswa muhupenyu hwaNgu iye zvino, zvino haNdisi iYe. Asi kana Shoko rakavimbiswa muzera rino rikasimbiswa maNdiri, zvadaro ndiNi iYe uye vimbiso yakauya kwamuri.” Oh, ini zvangu, handione kuti Zvingava pachena kupfuura apa sei! “Kana vimbiso isiri...” Oh!

309 “Zvadaro kana vimbiso yezuva iroro ikazadzikiswa mushumiro yaNgu,” Jesu akadaro, “zvino iNi ndini iYe. Saka kana uchitadza kutenda kuti ndini Ani, zvino tarisa kumabasa akavimbiswa anhasi.” Ameni! “Tarisa mabasa akavimbiswa. Kana mabasa iwayo akasazadzikiswa, ese zvawo maNdiri, zvino musaNditende, nokuti Ndakuudzai zvisizvo. Usingagone kuNditenda, chingotarisa zvakataurwa neBhaibheri kuti zvaizoitika muzuva rino. Kana zvisiri kuitika, zvino handizvo. Kana zvinhu zvenhema izvi zvisipo, nezmwimwe zvinhu zvese izvi, nezvinhu zvinofanira kuitika; kana zvisipo pano, zvino ndakatsauka. Asi kana zviri izvo,” Jesu akati, “zvino Ndini iYe.” Ameni! “Ndini uYo akavimbiswa kuzovapo.”

Oh, ini zvangu, mabasa mamwe chete akavimbiswa, muzuva raKe, akaMusimbisa kuti aiva Mhesiya wacho. Hauzvitende here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

310 Saka, zvino, hama, kana mabasa aRuka, chitsauko 17 uye ndima 30, vimbiso yaJesu Kristu, kuuya kwaKe kwava kusvika, kuti nyika yaizodzokera kuSodhoma uye vatumwa vaizoenda kunze, uye zvinhu zvigoitwa chaizvoizvo; kana izvozvo zvisiri kuitika, zvino musanditenda kuti zvandakakuudzai iChokwadi. Asi kana zviri kuitika, zvino tendai kuti iZvozvo ndiYe, “Nezuva iro Mwanakomana wemunhu achazarurwa.” Ameni! Mwanakomana wemunhu achazarurwa mumutumbi wenyama, imi vanhu Kereke, chaizvo sezvazvaiva mazuva eSodhoma ave pedyo kusvika, boka rakadanwa kubva kwavari vese, vagere kunze uko, vachitenda vimbiso yaMwari. Girori!

311 Zvadaro, mabasa ari kuitwa neMweya Mutsvene nhasi, kubudikidza nezviratidzo izvi zvisingambokundike, vimbiso dzisingambokundike, zviratidzo zvese zvechiapostora zvakavimbiswa muBhaibheri, zvaMaraki 4, uye, oh, Zvakazarurwa 10:7, zvese izvozvo zviri kuzadzikiswa; nekusimbiswa nesainzi, nenzira yese. Zvino kana ndisina kukuudzai Chokwadi, zvinhu izvi zvingadai zvisina kuitika. Asi kana ndakakuudzai Chokwadi, zvinopupura kuti ndakakuudzai Chokwadi. Achiri mumwe chete, zero, nhasi, nekusingaperi, uye kuratidzwa kweMweya waKe kuri kutora Mwenga. Regai kutenda uku (chizaruro) chiwire mumoyo yenyu, kuti “Ino ndiyo nguva yacho.”

Zvino ngatinamatei.

312 Mwari vanodikanwa, aVo vakaratidzwa munyama mumunhu anonzi Jesu Kristu, akamuka kubva kuvakafa, nezuva retatu, maererano neMagwaro, ndokukwira Kumusoro, ndokutumira vadzidzi kunze kuitira kuti vadzidzise nyika yese, ndokutaura kuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

313 Mwari, kukereke yePentekosti yanhasi, kudzoreredzwa kwezvipo; dai, Ishe, vanhu ivavo, zvichida vamwe vavo vari ipo pano, vamwe vari kunzwa tepi kwakapoteredza nyika

yese, ngavacherechedze kuti uku ndiko kudansirwa kunze kweMwenga, kwete mharidzo yechiPentekosti. Mharidzo yechiPentekosti yaiva yekudzoreredza zvipo muKereke. Asi uku ndiko kudakwa kweMwenga, imwe Mharidzo yaifanira kuuya Sodhoma yava kuda kupiswa. Itai kuti vanzwisise, Mwari vanodikanwa. Kutenda, ndinotenda iZvi, nekuti Zvakazarurwa neMweya weNyu kubudikidza neShoko raMwari uye ndokusimbiswa nekuratidzwa kunyika yese. Zvirokwazvo, Ishe, muvashomanene, nguva dzose mapoka eNyu akangodaro. Asi Makati, “Usatya, boka diki remakwayi, kuda kwaBaba venyu kwakanaka kuti vakupei Humambo.”

<sup>314</sup> Saka, ndinonamata, Mwari, kuti vanhu vacharega kutarisa kupfungwa dzavo, vorega kutarisa kune zvavanofunga kuti ndizvo chaizvo, zvino votarisa muGwaro. Uye zvakataurwa usiku hwapfuura, regai vanhu pano vafunge sezvakaita mambokadzi mumazuva ekuparadzwa kukuru kweBhabhironi, akati, “Pane murume pakati penyu anonzi ‘Dhanieri,’ aiva muhumambo hwababa venyu. Baba vechipentekosti vaiva muhumambo hwake, uye iYe munyungudutsi wekupokana kwese.”

<sup>315</sup> Uye zvino, Ishe, regai Mweya Mutsvene waiva muhumambo hwepentekosti, humambo hwaiva hwaMarteni Ruther, hwaiva hwaJohn Whisiri, uye—uye kuenderera nekupfuura kuna John Smith naAlexander Campbell, nekudzika nemuzera rose. Iye Munyunguditsi, Akanyungudutsa mifungo. Zvino va—vanhu mumazuva aRuther, murume iyeye, “Vakarurama vanofanira kurarama nekutenda.” VeMethodisti, Akanyungudutsa kupokana kwese, kuti, “Vanofanira—vanofanira kucheneswa,” Uye mumazuva epentekosti, vakataura nendimi, vakawana kuratidzwa kweMweya nekupodza kwaMwari nezvadararo, Zvakanyungudutsa kupokana kwese mumoyo wemupentekosta. Asi, O Mwari, vakaita sangano. Vakanyatsodzokera zvakare kunotoro pfungwa dzevanhu. Naizvozvo, zvino kana Mwenga wave kudakwa sezvaMakavimbisa pano muRugwaro, nokuRiverenga pamberi penyika, usiku hwakatevedzana, uye tinoRiona nemeso edu. Mwari, dai Ranyungudutsa kupokana kwese kuri mumoyo yevanhu. Dai vatizira nekukurumidza kuMwanakomana akazaruka, kuzoibviswa, kuti vazoiswa mudura uye vasazosara mudzinde kuti vazonopiswa, asi dai vaenda mudura manheru ano. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

Maita henyu nekuteerera kwenyu. Dai Mwari vashanda nemoyo wenyu.

<sup>316</sup> Zvino, mune here...Tine makadhi emunamato apihwa. Zvino, tichatora maminitsi angaita makumi maviri zvino, kuitira mutsara wemunamato. Tinoda kumisa mutsara nekukurumidza, nekuuya papuratifomu tonamata. Uye zvino, handizive kuti makadhi mangani apihwa. Handina kumbobvira ndabvunza Billy kana chinhu chimwe chete. Ndangoti, “Wapa

here...Enda zasi uko unopa makadhi emunamato.” Zvino adzoka akatora mai vake neni nevamwe, munguva pfupi yapfuura. Zvino, ini—ini...ko... .

<sup>317</sup> Zvakanaka, matanga nezana here, kana potsi, nepotsi kusvika zana, kana kudini? [Hama Billy Paul vanoti, “Potsi kusvika zana.”—Mupepeti.] Potsi kusvika zana. Zvakanaka.

<sup>318</sup> Ngativei nekadhi remunamato nhamba potsi. Kana uinaro, simudza ruoko rwako kuitira kuti ndikuone. Kana usingagone...Kana uchikwanisa kumira...kana uisingagone, tichakutakura. Kadhi remunamato nhamba potsi, nekukurumidza. Ndiani anaro? Wati kudii? A, nhamba potsi. (ruregerero) A, nhamba...Mudzimai uyu pano, une kadhi iroro here? Uya kuno chaiko, ungaro here mudzimai? A, nhamba piri. Unaro here, mumwe munhu? Simudza ruoko rwako nekukurumidza. Kuno chaiko, mudzimai, uya. Nhamba tatu. Une kadhi? Une kadhi here? Mese hamuna kana makadhi, hapana rimwe remakadhi? Huh? Zvakanaka, hausungirwe kunge uinaro. Tatu, ina, shanu. A, potsi, piri, tatu, ina, shanu. Regaitione, pane potsi, piri, tatu, ina, shanu. A...Zvakanaka, havo pano...Shanu, nhanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi. Zvakanaka, chingoitai mutsara, chingotangai kuita mutsara.

<sup>319</sup> Zvino, kana usingagone kuuya, vheyesa ruoko rwako seizvi kuitira kuti vagone kukutakura. Ndakumbira vanhu ava pano, vasina makadhi...Hausungirwe kuva naro, ndiri kungokubvunzai. Zvino tarirai, vanhu imi—imi makaremara pano, ndinofungidzira kuti atouya nokukurumidza, nekuti, iye, ndangomuudza, “kukurumidza.” Zvino, hausungirwe kuve nekadhi, kana uine kutenda kuya sezvandadzidzisa. Munoono, kana zvakazarurwa kwauri, zvakanaka. Kana zvisina kuzarurwa, hazvina basa kana ukapinda mumitsara yokunamatirwa dhazeni, hazvimbobatsire nepadiki pese. Munozviziva izvozvo? Munozvitenda here izvozvo? Maona? Ndinokwanisa kunamata, ndoita zvese zvandinogona, ndoenda pamabvi angu, ndoisa maoko pauri, ndokuzodza nemafuta, nenzira ipi yaungada, nekunamata. Kusvikira Mwari, nenyasha, zavazarura izvozvo mumoyo mako, kuti “Zvapera,” zvino zvatoita. Hautombosungirwa kuva mumutsara kana pai zvapo, zvatoitika zvakadararo.

<sup>320</sup> Zvakanaka, ina...Potsi, piri, tatu, ina, shanu, nhanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi, gumi nerimwe, gumi nembiri, gumi nenhatu, gumi neina, gumi neshanu. Zvakanaka, gumi nenhanhatu, gumi nenomwe, gumi nesere, gumi nepfumbamwe, makumi maviri. Pane here munhu wandashevedza ane kadhi asingakwanise kusimuka? Simudza ruoko rwako, uine kadhi asi usingagone kusimuka. Zvakanaka.

...tenda chete,

Ndiri kuona Anna Jeane mudiki, wakare, anonzwise urombo akagara, achirwuridza usiku hwese, potse, panguva imwe chete. Ndinoda kuti munhu wese anyararise pamwe nokuremekedza, sezvamunoziva.

. . .tenda chete;

Zvino, makadhi emunamato potsi kusvika gumi neshanu, ndinotenda ndizvozo.

. . .tenda chete,

Vave kuti unganei kuno, saka regai—regai tingotanga. Munoti kudii?

. . .goneka . . .

<sup>321</sup> Potsi, piri, tatu, ina, shanu, nhanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi . . .Zvino, mave kuwandisa. Vanopfuurira vatasheedza. Zvakana. Mirai makadzikama, pamungori ipapo. Ngapasava nemumwe anongo . . .muchawana . . . Muchanamatirwa, asi chingo . . .Munoono, chingomirira kusvikira vadana nhamba yako. Zvino, munoziva, isu—isu hatina vakawandisa vakamira pano. Kana Ishe vari kuzoita chimwe chinhu, munochivharidzira kuvanhu zvino vanotadza kuzviona, munoono. Mwari vakuropafadzei.

Zvino ngatinamatirei mahengechepfu aya pavari kugadzirira.

<sup>322</sup> Mwari vanodikanwa, heano mahengechepfu akarara pano anobva kune vanorwara nevanotambudzwa. Kutenda uku kwatanga tiri kungunotaura nezvako, Ishe; ndinorangarira Muchiti, muBhaibheri, muBhuku raJudha, “Kurwira kwazvo kutenda kwakadai kupiwa vatsvene kamwe.” Zvino kubva pamitumbi yevatsvene vakatora mahengechepfu, kwete nekuti vaiva vanhu vakasiyana, asi nekuti vaiva vanhu vaitenda. Vaiva vanhu vane zvido zvakangofanana nesu. Vakati, “Eria” aiva akadaro uye iye “akanamata kwazvo kuti mvura isanaye.” Zvino, Mwari, akanamata *kudaro* kuitira kuti vanhu vagotendeuka. Makazvizarurira kwaari kuti avanamatire, kunamata nenzira iyoyo kuzozadzikisa Shoko reNyu. Pasina kupokana Makaratidza muporofita chiratidzo. Uye, Ishe, manheru ano ndiri kunamatira vanhu ava kuti vapodzwe. Handisi Eria, akatakurwa kupinda Kudenga, asi Hupenyu hwake neMweya wake huchiri kurarama. Saka tinonamata, Mwari vanodikanwa, kuti Muremekedze minamato yevanhu veNyu. Uye remekedzai isu tese zvino patiri kunamatira mahengechepfu aya, kuti paachaiswa pane vanorwara vachaporeswa.

<sup>323</sup> Tinocherechedza, Baba, kuti tiri chi—chizvarwa chevanhu vari kufa. Takananga . . .takatarisana—takatarisana neZiendanakuenda. Nyika yava kupenga. Humhondi; vasikana vadiki vari kuchekwa—chekwa nekubhinywa. Vanhu vacho,

varume vari kuita vhudzi ravo sevakadzi, vakadzi sevarume, vari kungotsveyamisa. Rudzi rwuri kufa. Nyika iri kufa. Zvinhu zvese zviri kufa. Kereke iri kufa.

<sup>324</sup> O Mwari, hunzai Hupenyu. Hunzai Hupenyu, O Mwari, Hupenyu hwekutenda. Zarurai kuvanhu ava, Ishe. Ndinogogona bedzi kunamata nekuisa maoko angu pamusoro pavo. Asi ndiMi Munogona kuvapodza, uye ndiMi mega munogona kuvapodza. Ndinonamata kuti Mugodaro, Baba, kune mumwe nemumwe. Zviitei, ndiine maoko angu pamusoro pavo, uye ndiri kukumbira nemoyo wangu wese; nemuZita raJesu Kristu, podzai vanhu ava. Amen.

<sup>325</sup> Zvino, maikirofoni iyi iri kushanda here, hama? Zvino muri kuinzwa zvakanaka here? Munhu wese ari kuinzwa? Simudza ruoko rwako. Zvakanaka. Zvino, neimwe nzira kanawo zvimwe, moyo wangu uri pavanhu ava pano, vagere pano mune iyi—iyi cheya, nhovo nemasitrecha...ivo “havana kana kumbowana kadhi remunamato.” Maona? Asi, tarira, hama, unoono, vanhu ava vane makadhi emunamato, asi hazvirevi kuti vari kuzopora. Pane vamwe vanhu vakagara kunze uko muungano, zvichida, izvo—izvo—izvo hazvirevi kuti vacha—vacha—vachapora. Izvozvo—izvozvo hazvirevi kuti—kuti vachadaro kana kuti havasi kuzopora. Zvese izvozvo zvinoenderana nekutenda kwavo muna Mwari. Vangani vanoziva kuti ichocho ichokwadi? Ndizvo zvoga, kutenda kwavo muna Mwari. Zvakanaka, zvino, vangani vanoziva kuti ichocho ichokwadi? Hazvina basa kuti uri wezvinamato zvakadini, kana kuti wakanaka kana wakaipa zvakadii, kunze kwekunge nyasha dzaMwari dzadonhedzera izvozvo mumoyo wako, haumbopore. Zvino, vangani vanoziva kuti Mwari vakatozviita, vakatozviita nguva yese, minana mikuru, zviratidzo nezvishamiso? Uye zvino, uri kuuya manheru ano, wakamira mumutsara uno, kwete nekuti wakasarudzwa kumira mumutsara uno naMwari, handizvo; wangowana kadhi remunamato, zvangoitika kuti rive pako... [Chibenga patepi—Mupepeti.]

<sup>326</sup> Matanho acho akangofanana neHama yangu Gerholtzer inoremekedzwa pano, vakatanga shumiro yavo makore akawanda apfuura. [Chibenga patepi—Mupepeti.]... nekutenda muna Mwari, vachitenda Mwari, vachitenda kuti Mwari vanopodza vanorwara nekutenda. Uye hazvina kumbobvira zvashanduka, asi Mwari vakawedzera muzuva rino rekupedzisira, zvipo, zvipo zvaVakavimbisa. Mwari vakazviita nek-...kwete nekuti Vaifanira kuzviita, asi nokuda kwekuti Vakavimbisa kudaro. Uye kana Vakavimbisa, zvino Vanofanira kuzviita; nokuti Vanofanira kuchengeta Shoko raVo.

<sup>327</sup> Zvino Vakakuvimbisai chinhu chimwe chetecho, kuti, “Kana ukakwanisa kutenda kuti zvaizoitika.” Kana usingagone kuRitenda, hazvitongoitike. Zvino, handikwanise kukuita kuti utende, newewo haugone kuzviita kuti utende. Mwari



vanofanira kuzvipa kwauri. Chipa chaMwari, kutenda. Kwete kutenda kwako, kutenda kwaMwari. Kutenda kwako kwenjere kunogona kuzvitenda kuti zvakanaka, asi kunze kwekunge kutenda kwaMwari kuri zasi mumoyo wako... Munoono, kutenda kwako kwenjere kunogona kuzvigamuchira, ita izvo. Zvino ramba uchizvitenda nemoyo wako wese kusvikira Mwari vazvizarurira kwauri. Maona? Chingoramba uchizvitenda kusvikira Mwari vazvizarura. Asi kusvikira Vazvizarura...

328 Unoti, “Hama Branham, mati kudini apo?”

329 “Hongu, changamire!” Mwari vakatumira muporofita uko kuna Hezekia ndokumutaurira, “Hausi kuzobva panhovo iyoyo; ZVANZI NAJEHOVHA. ‘Uri kuzofirapo panhovo iyoyo.’” Ndizvo here?

330 Asi muporofita iyeye akatendeuka...kana kuti mambo iyeye akatendeutsira chiso chake kumadziro, akachema nemisodzi zvikuru kwazvo, akati, “Ishe, ndinoda mamwe makore gumi nemashanu. NdinoKukumbirai, Ishe, kuti mundinzwewo.” Zvino, mambo ndiye waiva munhu mukurusa panyika, mune zvevatongerwo enyika; asi, muporofita aiva, pamberi pechiso chaMwari. Uyo aiva mambo waMwari; asi aiva muporofita waMwari. Saka, Mwari vakazvizarurira kumuporofita kutora zvimwe...kufashaidza zvimwe... [Chibenga patepi—Mupepeti.] Munoziva, manzwisisa?

331 Zvino, kuitira kuti munzwisise zvino, nokuti ndaparidza Magwaro pano, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Mumazuva ayo kereke inenge iri kuzarurwa here? Kwete! “Nemazuva ayo Mwanakomana wemunhu achange ari kuzarurwa.” Chii *kuzarurwa*? Kuziviswa! Ndizvo here? Kuzarura! Zuva iro Mwanakomana wemunhu achange ari kuzarurwa, richava sezuva rakaita seSodhoma neGomora. Ndizvo here?

332 Zvino, tarirai zvakaikita. Vaiva nenhume huru mbiri, zasi ikoko kuSodhoma neGomora, nekuti kwaiva neboka reMakristu anongodziya zasi ikoko. Ndizvo here? Uye vaiva nenhume mbiri huru (zvino teeresai) zasi kuSodhoma neGomora, dzaiparidza. Asi mumwe wavo akamira kunze uko neboka raAbrahama. Ndizvo here?

333 Zvino tarirai! Hatina kumbobvira, munhoroondo yese yekereke, takambova nenhume yepasi rose kukereke yaiva nezita rinopera na h-a-m, kusvika zvino: G-r-a-h-a-m, anova mavara matanhatu, G-r-a-h-a-m. Asi zita ra Abrahama raiperengerwa: A-b-r-a-h-a-m, mavara manomwe. Maona? Saka kereke yepasi rose, achiva mavara emunhu, nhanhatu, sangano rakagadzirwa nevanhu, asi vakagamuchira nhume yavo zvakadarwo. Vakava naSankey, Moody, Finney, Knox, Calvin, nevamwe vakadarwo, asi

kwete “h-a-m.” Ndizvo here? Asi vakaiwana, zvino iye inhume, yakatumwa kubva kuna Mwari, uye ari kuarova madziro zvakaomarara nokukwanisa kwake kwese, “Budai imo muno! Tendeukai kana kuti muchaparara!”

<sup>334</sup> Asi rangarirai, Vasananurwa, sungano yakafanotemerwa, yakafanogadzwa, Abrahamana neboka rake, vakawana Mutumwa, zvakarewo. Uh-huh. Tarisai zvaAkaita. Akavapa chiratidzo chekuti nguva yakanga yava pedyo yekuti moto udonhe. Zvino, moto zvino ndiwo watiri kutarisira, moto weatomiki, hashadzaMwari.

<sup>335</sup> Zvino, Mutumwa iyeye akaita chimwe chinhu. Akataura pamusoro pemunwe mudzimai waAnga Akafuratira, ndokumuudza—ndokumuudza kuti aipokana zvaAitaura, ndokumuudza zvinhano zvake nezvaizoitika. Ndizvo here? Akataura here kuti Mwanakomana wemunhu Aizozvizarura nenzira imwe cheteyo nezuva iroro? Zvakanaka, munotenda kuti iChokwadi here?

Zvino, hepano pamire mudzimai, . . .

<sup>336</sup> Zvino mukubatana kusingaoneki kweKereke, Mwenga kuna Kristu, Mutumwa iyeye ari pano iye zvino, anova Jesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

<sup>337</sup> Zvino, Anongotaura bedzi kubudikidza nevaporofita vaKe. Bhaibheri rakataura kudaro! “Hapana chaAnoita asi kutanga Anozvzivisa kuvaprofita vaKe,” Amos 3:7. Akagara achizviita. HaAmboshandure maitiro aKe. Maona? Uye muporofita anongogona bedzi kutaura, kana ari wechokwadi, izvo zvaanoudzwa naMwari. Ndizvo here? Ichokwadi.

<sup>338</sup> Zvino, munotenda here kuti Anokwanisa kundiudza dambudziko rine mudzimai uyu ndisati ndatombomutarisa? Munozvitenda here? Sei, ari kurwara nekenza. Ndizvozvo. Iri pazamu rake. Ane mukomana, papfungwa dzake, anorwara neimwe mhando yechirwere chepfungwa, chinhano chekuhutahuta, nezvakakanganisika. Ndizvozvo. Unozvitenda here? Zvino ichocho ichokwadi, handizvo here? Unotenda here zvino kuti kutenda kwako, pakutaura izvozvo, kwadzika hoko, kuti wazviwana, uchava nazvo? Zvino enda, uye Ishe Jesu vachakuporesa. Maona? Hongu. Maona? Unotenda here? Nemoyo wako wese?

<sup>339</sup> Zvino, munotenda here, ndisina kumbotarisa mudzimai uyu, Ishe Jesu vanogona kundiudza dambudziko rake? Vangani vanozvitenda? Zvino, munoziva. . .zvino handina kumbobvira. . .ini. . .chinhu chega, ndangoona rokwe. Handizive, handina kutomboziva kuti anga ari murume here kana mudzimai; asi akangomira ipapo. Ndinoda kuti atende. Unotenda here, mudzimai? Pano, murwere, unotenda here? Simudza ruoko rwako kana uchitenda. Kana uchitenda nemoyo wako wese, unogona kuva nemwana wauri kukumbira

kuna Mwari. Maona? Maona? Unotenda? Une kutenda muna Mwari? Zvino, izvozvo hazvipodze, zvangoratidza. Anongova mabasa anoratidza kutenda kweHupo hwaMwari, Shoko raKe richiratidzwa.

<sup>340</sup> Mudzimai uyu ari kuda chinhu chikuru, zvakare. Haasi mwana, asi ari kuda Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndichakuudza zvekuita: Kana ukarega midzanga yefodya iyoyo, Mwari vachakupa Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Enda, uZvitende, unoon. Munotenda here? Mune kutenda muna Mwari here?

<sup>341</sup> Murume uyu akamira pano, murume wandisati ndamboona muhupenyu hwangu. Handimuzive, asi ari kurwara nechimwe chinhu chakakanganisika muchipfuva chake. Akapunzika ndizvo zvakamuita kudaro, nguva shoma yapfuura. Haasi wekuno, anobva kuArkansas. Muparidzi. Enda hako kumba, unoparidza Vhangeri. Maona? Maona? Maona? Handisati ndamboona murume uyu pameso pake.

<sup>342</sup> Pane mudzimai akamira pano, handizive mudzimai wacho, handisati ndambomuona muhupenyu hwangu. Mwari vanomuziva.

<sup>343</sup> Kana Vakandizarurira dambudziko rake, kana chimwe chinhu pamusoro paro, mungatende here? Imi mose? Iri rinongova basa riri kuratidza kutenda kwekuti ndaparidza izvo zvandakutaurirai pamusoro pazvo, manheru ano. Ndizvo zvazarurwa naMwari, uye aya mabasa ari kuZvisimbisa. Zvino, unofanira kuva nekutenda kuti upore.

<sup>344</sup> Mudzimai uyu pano, handi—handifunge kuti ndinomuziva. Hongu, handimuzive asi ndinoziva mumwe munhu waanoziva, nekuti ndiri kumuona akamira pano pamberi pangu. Ari kutemwa nemusoro. Handizvo here, mudzimai? Unotenda kuti Mwari vachakupodza here? Hanzvadzi yaPeary Green. Ndizvozvo. Handisati ndambomuona muhupenyu hwangu. Ndizvozvo. Ndaona Peary Green akamira pano, akanditarisa, achidai sezvizi. Chingouya, unoon. Ndizvo. Handizive kuti Peary Green aripi. Unotenda here? Unotenda zvakadini? Kana ukangotenda, zvinhu zvese zvinogoneka. Kana ukasagona kutenda, hapana chinogona kuitika.

<sup>345</sup> Mudzimai mudiki ane vhudzi rakachena, agere apo akanditarisa, pano chaipo, unotenda Mwari here? Unotenda here kuti Mwari vanogona kundizarurira zvauroi kufunga pamusoro pazvo ipapo? Une bundu pazamu. Unotenda kuti Mwari vanogona kuribvisa pauri here? Hongu. Iva nekutenda utende. Zvino, chii chaabata?

<sup>346</sup> Mudzimai akabata mupendero wehanzu yaKe, Bhaibheri rakati. . . Iwe unoda kutora Bhaibheri, iYe akati, “Iye Muprisita Mukuru anogona kubatikana nemanzwiwo ehutera hwedu.”

Handizvo here? IYe ndiye Muprisita Mukuru iyeye uye Amire ipo pano chaipo; vanhu ava vari kuMubata.

<sup>347</sup> Pane mudzimai mudiki, mutete, asimudza ruoko rwake, akagara pano chaipo. Handisati ndambomuona muhupenyu hwangu, asi angobata chimwe Chinhu. Hechino zvachanga chiri. Ari kunamata kuna Mwari. Ane dambudziko muchipfuva chake, ane dambudziko nemudumbu zvakare. Mwari vakupodza, kana ukaZvitenda. Unofanira kutenda. “Zvinhu zvese zvinogoneka kune avo vanotenda.”

<sup>348</sup> Pane murume akagara kumashure-shure uko, akatarisa kuno (kuda mutsetse wepiri, uchiuya kuno), ari kurwara neasthma. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai, changamire? Kana muchiZvitenda, Mwari vachakupodzai. Munogona kuva nezvamakumbira, kana mukaZvitenda.

<sup>349</sup> Pane mudzimai akagara pano chaipo, akanditarisa, mhiri kuno, akachena musoro. Kana uchitenda nemoyo wako wese. . . UnoZvitenda here? Zvakanaka, dambudziko rako redundira richakusiya zvino, kana ukaZvitenda.

<sup>350</sup> Unofungei pamusoro paZvo, iwe wakarara pano panhovo? Unotenda here kuti Mwari vanogona kukupodza? Kana Mwari vakandiudza dambudziko rako, uchaVatenda here? Kana ukatenda, kenza iyoyo ichakusiya uye uchapora. Wadii wasimuka, wotora mubhedha wako, uende kumba? Unotenda here? Mese muchatenda here? Saka, zvino, ko iye zvino? Mwari vadonhedzera here kutenda kuya mumoyo mako? Munhu wese ari muno, simudza ruoko rwako. Kana Mwari vadonhedzera kutenda kuya mumoyo mako, ngatiisei maoko edu mumwe pamusoro pemumwe, zvichidzika nemutsara uri pano. Isai maoko enyu pamusoro. . . Iye zvino, nekukurumidza, apo Mweya Mutsvene uri kufamba, isai maoko enyu mumwe pamusoro pemumwe. Murume uya asimuka, ari kumhanya achidzika nemutsara, achinamatira vamwe.

<sup>351</sup> Ngatisimukei netsoka dzedu tipe Mwari kurumbidza, munhu wese. Hapana chikonzero chekuramba tichienderera mberi. Cherechedza Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Iwe, zviri matambudziko ako, chero zvachiri, kana ukaMutenda, simuka netsoka dzako, izvezvi, utende.

<sup>352</sup> Mwari Samasimba, Mwari waAbrahama, Mwari waIsaka, Mwari waJakobho, tumirai simba reNyu mupodze boka revanhu ava iye zvino, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Kubwinya kuna Mwari! Mwari vakuropafadzei.



*MABASA KURATIDZWA KWEKUTENDA* SHO65-1126  
(Works Is Faith Expressed)

Mharidzo iyi naHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chishanu manheru, 26 Mbudzi, 1965, paLife Tabhenakeri muShreveport, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)